



# MANYÈL POU PANSYON ALIMANTÈ POU TIMOUN

Pou Paran Ki P ap Viv Ak Timoun Nan

# YON GID POU TILIV SA A

## ENTWODIKSYON 1

Biwo Sèvis Pansyon Alimantè (Office of Child Support Services, OCSS) mete timoun yo an priorite lè l ap ede toulede (2) paran yo asire byennèt ekonomik ak sosyal, sante ak estabilite timoun yo.

## TRIBUNAL SIPÒ TIMOUN AK FANMI 2

Eksplike Biwo Sèvis Sipò Timoun ak Tribinal Fanmi yo se ajans separe epi ki fonksyon yo.

## ETABLI LYEN PARANTAL 4

Youn nan premye etap yo nan pwosesis pou bay sipò timoun nan se idantifye paran timoun nan. Lè paran yo pa marye youn ak lòt, manman an (yo rele paran ki bay nesans lan tou) parèt sou batistè a, epi yo ka mete papa a oswa lòt paran an, yo ka bay non yo pita, oswa yo ka idantifye yo gras ak tès ADN.

Seksyon sa a ki nan tiliv la eksplike:

- Poukisa Ou Dwe Etabli Lyen Parantal
- Kijan Pou Etabli Lyen Parantal

## ALE NAN TRIBINAL LA 8

Pwochen etap la nan pwosesis pou bay sipò timoun pou paran ki pa gen gad la, se resevwa yon sitasyon pou ale nan yon odyans nan tribinal, anjeneral, se nan Tribinal Fanmi nan minisipalite kote y ap viv la.

Seksyon sa a eksplike:

- Fason Ou Kapab Mennen Yon Akò Nan Tribinal pou bay yon Lòd oswa pou modifye yon Lòd
- Sa Ou Dwe Konnen Sou Odyans Tribinal Ou A
- Poukisa Ou dwe prezante nan odyans lan
- Ki dokiman w ap bezwen pote nan Tribinal la
- Kijan pou Prezante Tèt Ou nan Tribinal la
- Konbyen Pansyon Alimantè Ou Panse Ou Kapab Peye
- Kijan paran ki p ap viv ak timoun nan ki gen yon revni ki ba ka benefisye yon rediksyon nan kantite lajan sipò timoun nan
- Kisa Ki Ap Pase Aprè Odyans lan

## PEYE PANSYON ALIMANTÈ OU 14

Depi w gen yon obligasyon pou sipò timoun nan tribinal la, anplwayè w ap oblije fè dediksyon nan chèk ou pou sipò timoun nan oswa w ap oblije peye sipò timoun nan poukont ou.

Seksyon sa a eksplike:

- Kijan pou ou Peye epi Kisa INITE REKOUVREMAN SIPÒ TIMOUN (SUPPORT COLLECTION UNIT, SCU) nan ye
- Kijan Pou Mande Yon Egzamen Difikilte Yo
- Sa Anplwayè Ou a Dwe Fè
- Kijan pou Jwenn Èd pou Jwenn Yon Travay
- Si Ou Ap Deplase oswa Chanje Adrès
- Si Ou Deklare Fayit
- Si Ou Bay Paran Ki Ap Viv Avèk Timoun nan Lajan oswa Kado
- Kote Pèman yo Ale

## KREDI ENPO SOU REVNI PARAN KI P AP VIV AVÈK TIMOUN NAN GENYEN 20

### GAD AK VIZIT 20

## CHANJE LÒD OU LÈ SITIAYON OU CHANJE 21

Nonpòt paran ka mande Tribinal Fanmi an pou li diminye oswa ogmante lòd sipò timoun nan paske sikonstans finansye yo chanje.

Seksyon sa a eksplike:

- Kijan ou Ka Pote yon Akò Modifikasyon nan Tribinal la
- Kijan Pou Mande Yon Modifikasyon Nan Tribinal La
- Lè Timoun ki Pi gran an Vin gen 21 lane
- Kisa K Ap Pase Nan Odyans Tribinal La Pou Yon Modifikasyon
- Ajisteman Daprè Depans Chak Jou yo.

## PWOGRAM DIMINISYON DÈT POU PARAN KI PA GEN GAD LA 24

## LÈ W GEN RETA NAN PÈMAN YO 26

Si ou pa peye sipò pou timoun nan pou yon sèten tan oswa pou yon sèten nonm aryere, yo ka pran mezi administratif ak aplikasyon otomatik kont ou.

Seksyon sa a eksplike:

- Mezi Administratif Otomatize
- Ajoute Montan
- Konpansasyon Ranbousman Lajan Taks
- Operasyon Pou Sezi Lajan Yon Moun Genyen Nan Lotri
- Sezi Kont Bankè (yo rele tou, Egzekisyon Pwopriyete (Property Execution, PEX))
- Sispanasyon Lisans pou Kondi Machin
- Rapò sou Biwo Kredi
- Referans Divizyon Taks ak Finans Eta Eta New York la
- Refi pou Nouvo Paspò ak Paspò y ap Renouvle

- Refi oswa Atribisyon Tanporè Lisans Pwofesyonèl Vil New York la
- Mezi Egzekisyon Jdisyè
- Petisyon Pou Vyolasyon
- Patisipasyon nan Pwogram Sipò pou Paran (Participation in Parent Support Program, PSP)
- Rekòmandasyon pou Pousuit Kriminèl Devan Lajistis

## ANILASYON LÒD PANSYON ALIMANTÈ POU TIMOUN NAN 32

Nan Eta New York, lòd sipò timoun anjeneral dire jiskaske pitit ou a rive gen 21 lane.

## ENFÒMASYON SOU SIPÒ TIMOUN/ASISTANS KA 34

Seksyon sa a eksplike:

- Resous Anliy
- Adrès postal

## REKONESANS PATÈNITE 36

Ou ka wè yon echantiyon fòm ki itilize pou etabli volontèman filyasyon legal la san ou pa bezwen ale nan tribinal.

## EGZANP ÒDONANS POU SIPÒ TIMOUN 38

Ou ka wè ak kisa lòd yon tribinal bay pou sipò timoun sanble epi kisa li vle di.

## GLOSÈ TÈM POU PANSYON ALIMANTÈ POU TIMOUN 40

# ENTWODIKSYON

## ENTWODIKSYON

Chak timoun dwe kapab konte sou lanmou ak sipò toude paran yo. Sa se laverite, menm lè toude paran yo p ap viv ansanm oswa pa t janm marye youn ak lòt. Sa pi bon lè w patisipe nan lavi pitit ou depi lè li fèt, men li pa janm twò ta pou w vin yon paran ki pran responsablite l epi ki sousye. Pou ou yon paran responsab, se bay pou pitit ou a oswa pitit ou yo sipò finansye.

Nan Vil New York, objektif Biwo Sèvis Sipò Timoun (Office of Child Support Services, OCSS) pou pwogram sipò timoun nan se amelyore lavi timoun yo. Misyon nou se ede paran yo pran responsablite yo pou establiite ekonomik ak byennèt sosyal ak sante pitit yo. Nou rekonèt timoun yo gen anpil valè se lè yo gen relasyon an sen ak tou de paran yo.

Nan OCSS nou bay plizyè sèvis pou paran ki pa gen gad la (paran ki p ap viv ak pitit yo). Nou ofri pwogram pou ede yo respekte obligasyon sipò timoun yo epi jere dosye sipò timoun yo. Pou paran ki gen gad la (paran k ap viv ak timoun yo epi k ap pran swen timoun yo nan majorite tan an), nou ede lokalize paran ki pa gen gad la, etabli paran lòt paran an, sèvi sitasyon an, ede etabli sipò pou timoun ak sipò medikal tribinal la, kolekte epi fè respekte lòd sa yo.

Li ofri sèvis pou tout paran kèlkeswa revni yo oswa sitiyasyon imigrasyon yo. Paran ki gen gad la ki resevwa pèman sipò timoun nan epi ki pa resevwa Asistans Finansye, peye yon frè nominal \$35 anyèl lè OCSS kolekte omwen \$500 nan pèman sipò timounyo.

Malgre pifò paran ki pa gen gad yo se papa, nan kèk fanmi, papa a se paran ki gen gad la epi manman an se paran ki pa gen gad la. Gen lòt fanmi se granparan yo, oswa lòt fanmi, ki premye moun k ap okipe timoun yo, epi yo konsidere ni manman an ni papa a kòm paran ki pa gen lagad timoun nan.

Enfòmasyon ki nan gid sa a se pou tout paran ki pa gen lagad timoun yo. Nou ankouraje ou li gid sa a pou w aprann dwa ak responsablite ou genyen pandan tout pwosesis pansyon alimantè pou timoun nan. Konesans sa a ap ede w pran desizyon apre ou gen tout enfòmasyon, epi jere dosye sipò timoun ou pou reyalize pi bon rezilta pou pitit ou yo.

## TRIBINAL SIPÒ AK FANMI

Anpil moun panse Tribinal Fanmi ak OCSS fè pati yon menm ajans. Se pa vre. De òganizasyon yo separe epi yo gen fonksyon diferan nan pwosesis sipò timoun nan.

- Biwo Sèvis Sipò Timoun Vil New York (New York City Office of Child Support Services (OCSS) se pwogram sipò timoun Vil New York la. Li fè pati Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration, HRA) nan Vil New York, yon ajans ki anba Depatman Sèvis Sosyal (Department of Social Services, DSS) Vil New York. OCSS pa menm bagay ak tribinal yo. Tribinal yo se antite apa. OCSS jere dosye sipò timoun ak pèman yo. Yon dosye sipò timoun kòmanse lè yon paran ki gen gad la soumèt yon demann pou sipò timoun ki siyen oswa fè tribinal la konnen enterè yo genyen pou fè demann sèvis yo. Depi tribinal la bay fin bay lòd la, OCSS kontwole epi distribye pèman sipò timoun yo. Si paran ki pa gen gad la gen yon reta sou pèman tribinal la òdone pou yon kantite lajan fiks oswa pou yon sèten tan, OCSS aplike otomatikman mezi egzekisyon administratif pou kolekte pèman anreta yo.
- Nan Eta New York, sipò timoun se yon pwosedi jidisyè. Tribinal Fanmi fè pati Sistèm Tribinal Inifye Eta New York la epi li bay desizyon ofisyèl nan zafè sipò timoun. Anjeneral, se fikse ak chanje kantite lòd sipò timoun nan lè paran yo mande tribinal la, mete lòd sipò medikal pou bay asirans sante pou timoun yo, mete lòd pou gadri timoun yo, ak etabli lòd filyasyon, ki etabli patènite legal timoun nan. Sou demann, tribinal la ka aplike mezi egzekisyon jidisyè si mezi egzekitif administratif yo echwe.

### Yon Apwòch Altènatif

OCSS gen yon pwogram akò reglemante ki pèmèt paran yo fè yon konvèsasyon ak yon reprezantan sèvis kliyan OCSS andeyò tribinal la sou kantite lajan lòd sipò timoun nan anvan yon odyans tribinal. Akò yo ka itilize pou etabli nouvo lòd oswa pou modifye lòd ki te deja egziste. Paran ki reponn ak kalifikasyon yo kapab antre nan yon akò, y ap fè yon ti pale avèk yon travayè sipò timoun. Toulede paran yo pa oblije nan telefòn oswa prezan an menm tan.

- Yo prepare yon akò ki fèt selon menm règ Tribinal la.
- Yo soumèt akò a bay Tribinal la pou li apwouve epi yo konvèti li an yon lòd sou konsantman.
- Tribinal la egzije toulede paran yo pou yo asiste omwen yon odyans pou asire yo te patisipe volontèman nan pwosesis la epi yo konprann dwa ak responsablite yo.
- De (2) pwogram sa yo ofri paran yo yon apwòch altènatif pou etabli ak modifye lòd pansyon alimantè pou timoun yo, sa ki ta dwe redui kantite odyans tribinal yo, bay paran yo jarèt epi fè pwosesis la pi fasil pou paran adapte yo pase pwosesis ki abitye fèt la.



## ETABLI LYEN PARANTAL

Lè y ap tabli orijin parantal yon timoun, sa vle di y ap fè pwosesis legal pou idantifye papa yon timoun oswa paran, si paran yo pa marye youn ak lòt. Yo kapab konfime patènite nenpòt lè anvan timoun lan gen 21 lane. Paran adolesan yo ka etabli lyen parantal yo san konsantman oswa siyati pwòp paran yo.

### Poukisa Ou Dwe Etabli Lyen Parantal

- Pou bay pitit ou avantaj tankou: asirans sante, sipò pou timoun, Sekirite Sosyal, alokasyon militè, pansyon, dwa pou eritye nan men ou, ak aksè nan antesedan medikal fanmi ou.
- Pou ka gen non tou de paran yo sou batistè timoun nan.
- Pou dwa pou sèvi ak tribinal fanmi pou mande vizit oswa lagad.
- Pou dwa pou yo konsilte sou desizyon konsènan avni timoun nan si paran ki gen gad la pa kapab pran swen timoun nan oswa si timoun nan gen yon pwoblèm medikal.

### Kijan Pou Etabli Lyen Parantal

#### REKONESANS VOLONTÈ PARANTAJ

Si toude paran yo aksepte, yo kapab siyen yon fòm Rekonesans Orijin Parantal (Acknowledgment of Parentage, AOP) nan menm moman tibebe a fenk fèt la oswa nenpòt lè aprè sa, jiskaske timoun nan rive gen laj 21 lane. Rekonesans paran yo nan lopital la, lè tibebe a fèt, vle di non papa a ap parèt sou batistè a touswit. Sinon, yo kite espas sa a vid nan batistè a.

Après tibebe soti nan lopital la pou li ale lakay li, yo ka toujou etabli lyen parantal yo atravè yon pwosesis volontè nan kontakte OCSS oswa Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (New York City Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) la. Si yo etabli lyen parantal yo aprè tibebe a fin kite lopital la, yo pral chanje batistè a pou mete non papa a epi, si yo mande sa, y ap chanje non timoun nan tou.

- Paran yo pa oblije siyen AOP a an menm tan.
- Yo kapab konfime patènite menmsi ou nan lame, ou nan prizon oswa ou deyò peyi a.
- Si ou pa sèten ou se paran an, pa siyen fòm AOP a. Mande OCSS yon tès ADN epi tann rezilta yo anvan ou pran desizyon sa a.

- Ou pa ta dwe mande yon tès ADN si w gen yon dosye sipò timoun devan tribinal la paske yo pral abòde kesyon an pandan odyans tribinal la.

#### ANILE REKONESANS PATÈNITE (ACKNOWLEDGMENT OF PARENTAGE, AOP)

- Depi yo fin ranpli AOP a nan DOHMH, li vin tounen yon dokiman legal. Si ou chanje lide konsènan konfimasyon patènite a, ou dwe ale nan tribinal pou depoze yon petisyon pou anile AOP a. Si ou te gen 18 lane oswa plis lè ou te siyen AOP a, ou dwe depoze petisyon an nan delè ki pi bonè ant
  - » 60 jou aprè li siyen AOP, oswa
  - » nan 60 jou aprè li jwenn repons pou nenpòt petisyon li te fè nan tribinal pou timoun nan.
- Si ou te gen pi piti pase 18 lane lè ou te siyen AOP a, ou dwe depoze petisyon an nan delè ki pi bonè ant
  - » 60 jou aprè ou fin gen 18 lane, oswa
  - » 60 jou aprè yo fin reponn yon demann tribinal konsènan timoun nan si yo te fè w konnen dwa w pou anile AOP a nan yon pwosedi ki gen rapò ak timoun nan.
- Après delè sa yo fin pase, sèl fason pou w konteste Rekonesans Patènite nan tribinal se pou w montre prèv fwod, kontrent, oswa erè enpòtan nan enfòmasyon. Menm lè sa a, tribinal la ka deside li nan pi bon enterè timoun nan pou pa otorize tès jenetik la epi kontinye idantifye ou kòm papa a.

#### DETÈMINASYON LYEN PARANTAL NAN TRIBINAL

Etabli idantite lòt paran timoun nan nan tribinal la ka nesèsè si:

- Paran yo pa kapab antann yo pou siyen fòm AOP a.
- Manman an toujou marye legalman ak yon lòt moun, menmsi manman an konnen se pa mari l ki papa timoun lan.
- Gen dout konsènan idantite papa a epi youn nan paran yo refize tès ADN nan.
- Ou nan tribinal pou yon odyans sipò pou timoun epi lyen parantal yo pa ko etabli.

Youn nan paran yo, oswa DSS si timoun yo ap resevwa èd finansye, ka depoze yon demann pou etabli lyen parantal nan tribinal. Ou ka ale nan tribinal pou w fè demann lan oswa ale sou Entènèt pou konsilte Fòm DIY (Do-It-Yourself) Eta New York la nan [nycourthelp.gov](http://nycourthelp.gov) pou ranpli yon demann patènite (oswa lyen parantal) atravè yon pwogram òdinatè entè-aktif. Depi ou telechaje epi siyen demann lan, ou dwe soumèt li nan tribinal la. Konsilte sit entènèt tribinal yo nan [nycourts.gov](http://nycourts.gov) pou konnen kijan pou fè demann lan (pa egzanp, nan kourye lapòs, an pèsòn oswa sou entènèt). Y ap ba ou yon dat pou odyans ak enstriksyon konsènan sa pou w fè aprè.

Lè yo etabli lyen parantal yo nan yon odyans tribinal, yo bay yon lòd pou filyasyon epi yo depoze li nan Depatman Sante ak Ijyèn Mantal. Y ap modifiye batistè a pou mete non papa a epi chanje non fanmi timoun nan, si yo mande sa.

### REJIS MOUN KI KONSIDERE KÒM PAPA ANJENERAL (PITATIF)

Depi yo konfime patènite a, yo voye enfòmasyon sa a bay Rejis Papa Pitatif Eta New York (State Putative Father Registry, PFR), ki kenbe yon dosye sou papa legal pou Eta a. Yo ka konsilte PFR la nan kesyon eritaj, adopsyon oswa nenpòt lòt kesyon legal ki mande pou enfòmasyon yon timoun.

### TÈS ADN KI PA KOUTE CHÈ

- Si gen nenpòt dout sou idantite papa byolojik la, mande yon tès ADN. Kontakte ofisye eta sivil lopital kote tibebe a te fèt la, oswa Liy ADN OCSS la nan 929-221-5008. Si w ale nan tribinal pou yon odyans pou pansyon alimantè pou timoun, Jij Pansyon Alimantè a ka bay lòd pou fè yon tès ADN si sa nesèsè.
- Si ou deja nan tribinal la, ou ka pa mande yon tès ADN pou kont ou. Yo dwe mande li pandan odyans tribinal la.
- Y ap oryante w nan yon laboratwa leta sètifye pou fè tès ADN a bon mache. Yo itilize yon aplikatè pou pran echantiyon ADN nan bò anndan bouch tibebe a ak toude paran yo; tès la rapid epi li san doulè.
- Men ki jou ou pa bezwen ale nan laboratwa a nan menm jou ak lòt paran an.
- Si w poko gen 18 lane, laboratwa a ka mande w pou w fè youn nan paran w yo akonpaye w.

- Yo pral voye rezilta ba ou nan kourye lapòs apeprè de (2) semèn aprè laboratwa a fin resevwa tout echantiyon yo.
- Si w deja peye sipò pou timoun nan tribinal la epi w vle yon tès ADN, demann sa a dwe fèt nan tribinal la.
- Si yon tès ADN pwouve se pa oumenm ki papa byolojik la, lòd la p ap sispann otomatikman. Yon odyans nan tribinal ap nesèsè epi y ap pran yon desizyon ki nan pi bon enterè timoun nan.
- Gen yon ti pri pou toude paran yo jwenn yon tès ADN andeyò pwosedi jidisyè a.



## ALE NAN TRIBINAL

Lòd sipò timoun yo se dokiman legal ki finalize nan tribinal la. Nenpòt paran gendwa depoze yon petisyon nan Tribinal Fanmi pou mande yon odyans pou pansyon alimantè pou timoun.

Si paran ki gen lagad la ak/oswa timoun nan ap aplike pou resevwa èd finansye, Depatman Sèvis Sosyal (ke yo rele tou Administrasyon Resous Imèn, HRA) ap depoze yon petisyon nan non timoun nan. Paran ki gen gad la k ap resevwa asistans finansye, oblije kolabore avèk sipò timoun nan pou ka jwenn tout avantaj ou dwe jwenn pou fanmi ou.

Paran ki gen ga la ki pa respekte kondisyon sipò timoun yo ka:

- jwenn avantaj lajan yo redui de 25%
- pèdi Medicaid pou tèt yo, epi
- kalifye pou kèk pwogram asistans pou lokasyon

Paran ki gen lagad la ka jwenn dispans pou koperasyon si yo gen “rezon valab,” ki vle di anjeneral gen krentif pou vyolans nan kay.

Pou plis enfòmasyon sou odyans sipò timoun nan, tanpri gade videyo sou Entènèt la anba “Biwo Sèvis Sipò pou Timoun yo” nan [youtube.com/hranyc](https://www.youtube.com/hranyc).

### Fason Ou Kapab Mennen Yon Akò Nan Tribinal Pou Bay Yon Lòd Oswa Chanje Yon Lòd

Yo pral bay paran ki pa responsab legal la ak paran k ap viv ak timoun nan opòtinite pou yo antre nan yon akò volontèman anvan yo parèt nan Tribinal. Kalite akò sa a baze sou direktiv estanda pou sipò timoun Tribinal la itilize men paran an oswa paran yo pral dwe diskite sa avèk yon reprezantan sèvis kliyantèl Biwo Sèvis Sipò Timoun (OCSS). Se yon altènativ pou yon pwosedi tribinal fòmèl epi li fèt pou li adapte epi bay sipò, ki pèmèt toulede paran yo gen opòtinite pou yo pale.

Pou yon akò:

- Yon travayè OCSS ekri akò a dapre direktiv yo epi ede paran yo rasanble dokiman ki obligatwa yo.
- Yo depoze dosye akò ki apwouve a nan tribinal pou yo ka pwograme yon odyans.
- Anjeneral, se yon sèl prezantasyon nan tribinal ki nesèsè pou Jij Pansyan Alimantè a asire paran yo te volontèman konkli yon akò epi apwouve akò a kòm yon lòd sou konsantman.

### Sa Ou Dwe Konnen Sou Odyans Tribinal Ou A

- Yo p **ap** kesyone w sou sitiyasyon w ak imigrasyon nan tribinal la oswa nan nenpòt moman pandan pwosesis pansyon alimantè a.
- Tribinal Fanmi se yon tribinal apa ak Tribinal Penal epi yo **pa** pataje enfòmasyon.
- Lè yo depoze yon petisyon pou lyen parantal oswa sipò pou timoun, w ap resevwa yon sitasyon, swa pa lapòs oswa an pèsòn. L ap gen ladan dat, lè ak kote odyans lan ansanm ak yon Deklarasyon Revni ak Depans pou w ranpli, ak yon lis dokiman ou ta dwe genyen avèk ou nan odyans lan.
- Pou jwenn enfòmasyon itil sou pwosedi jidisyè a ak konsèy sou fason pou ranpli fòm yo, ale sou sitwèb Family Legal Care: [familylegalcare.org](https://www.familylegalcare.org), oswa videyo sipò timoun yo sou [youtube.com/hranyc](https://www.youtube.com/hranyc).
- Pote otan enfòmasyon ou kapab sou revni ou ak depans ou yo. Yon Jij Sipò pral koute temwayaj tou de paran yo, revize enfòmasyon yo prezante yo, epi sèvi ak Gid Eta New York la pou Sipò pou Timoun yo pou kalkile kantite lòd sipò timoun nan.
- Li pa nesèsè pou gen yon avoka nan Tribinal Fanmi an, men ou ka anboche youn si ou vle. Si paran ki gen lagad la ak/oswa timoun lan ap resevwa èd finansye, ap gen yon avoka pou reprezante Depatman Sèvis Sosyal (Department of Social Services). Se paske lè asistans finansye konsène, se Depatman Sèvis Sosyal ki depoze petisyon pou mande sèvis sipò timoun yo, se pa paran ki gen gad la ki fè demann lan.

### Poukisa Ou Dwe Prezante Nan Odyans Lan

- Li obligatwa pou ou prezan nan odyans lan. Si ou pa kapab ale, kontakte tribinal la epi mande pou yo chanje dat la.
- Si ou pa bay ase enfòmasyon finansye oswa ou pa parèt, Jij Sipò a ka toujou òdone w pou peye sipò pou timoun nan bay yon lòd pa defo. Piske yon lòd pa defo pa baze sou revni egzat ou, li gendwa plis pase sa ou gen mwayen pou peye.



- Depi yo bay yon lòd pa defo, ou kapab depoze yon petisyon nan tribinal pou fè bese li. Jiska lè sa a, kantite lajan sipò pou timoun ou an dwe peye jan sa preskri nan lòd pa defo a ap rete epi tout sipò ki pa peye ka fè objè mezi egzekisyon solid.
- Si ou panse se pa oumenm ki papa a, ale nan odyans lan epi mande yon tès ADN.

### Ki dokiman W ap Bezwen Pote Nan Tribinal La

Pote tout kantite nan enfòmasyon sa yo ou kapab:

- Dokiman ki montre non w ak Nimewo Sekirite Sosyal oswa Nimewo Idantifikasyon Kontribiyab (Individual Taxpayer Identification Number, ITIN)
- Afidavi Divilgasyon Finansye Ranpli (<https://bit.ly/FinDisclosure>) ki te vini ak sitasyon w lan (gade videyo OCSS la, "Kijan pou ranpli Fòm Afidavi Divilgasyon Finansye a (Pati yo). 1 ak 2)," sou [youtube.com/hranyc](https://youtube.com/hranyc))
- Prèv adrès
- Non, adrès ak nimewo telefòn patwon ou genyen kounya oswa sa ki pi resan an
- Kat Asirans Sante
- Prèv revni ak/oswa avantaj:
  - » De (3) dènye souch chèk pèman
  - » Fòm W-2
  - » Lèt patwon w lan ki verifye travay ak salè
  - » Kopi deklarasyon taks sou revni ki pi resan avèk atachman yo
  - » Sekirite sosyal oswa lòt avantaj andikap
  - » Avantaj Asirans pou Chomaj
  - » Relve Bankè
  - » Prèv nenpòt lòt timoun oswa ansyen konjwen w ap sipòte
  - » Prèv depans pou kay ak biznis, bòdwo ki pa peye, ak prè

*Pou plis detay sou enfòmasyon tribinal la mande nan moman odyans sipò timoun ou an, ale sou [familylegalcare.org](http://familylegalcare.org). Ou ka voye yon imèl tou bay OCSS nan [dcse.cseweb@dfa.state.ny.us](mailto:dcse.cseweb@dfa.state.ny.us) avèk kesyon ou yo oswa pou mande yon randevou nan telefòn. Mete nimewo telefòn ou, nimewo dosye w, kesyon yo ak pi bon moman pou nou kontakte w, epi yon travayè sèvis kliyan OCSS ap kontakte w.*

### Kijan pou Prezante Tèt Ou Nan Tribinal La

Pandan odyans nan tribinal la, ou vle Jij Sipò a koute sa ou gen pou di. Si w vle yo pran w oserye, ou dwe respektè tribinal la:

- Rive a lè.
- Mete rad ki apwopriye, tankou pantalon long ak yon chemiz ki gen yon kolye ak manch.
- Prepare yon lis bagay enpòtan ou vle di.
- Pale lè se moman pa w pou w pale.
- Pa pale dirèkteman ak paran k ap viv avèk timoun nan.
- Ou dwe dirèk epi pa pale kwochi lè w ap pale paske tan an limite.

### Konbyen Pansyon Alimantè Ou Panse Ou Kapab Peye

Lwa sou Nòm pou Sipò Timoun nan Eta New York (CSSA) fikse montan debaz pou sipò timoun nan yon pousantaj fiks nan revni paran yo. Yo sèvi ak pousantaj sa yo pou asire timoun yo benefisyè menm nivo lavi yo t ap genyen si paran yo t ap viv ansanm. Yo itilize pousantaj sa a pou tout ka kote revni konbine paran yo pa depase \$163,000. Pou revni konbine ki plis pase \$163,000, Jij Sipò a kapab chwazi si wi ou non l ap itilize machaswiv pousantaj yo, epi li gendwa konsidere lòt enfòmasyon pou li fikse tout montan sipò a.

Ou ka ale sou sitwèb OCSS la sou [nyc.gov/hra/ocss](http://nyc.gov/hra/ocss) pou jwenn yon estimasyon sou lòd tribinal sipò timoun ou an. Itilize Kalkilatri Sipò Timoun nan.

### **FASON YO KALKILE MONTAN LÒD LA**

Montan sipò debaz la se yon pousantaj revni brit ou mwens taks Vil New York yo, dediksyon Sekirite Sosyal ak Medicare, ak nenpòt sipò pou timoun oswa mari oswa madanm ki aktyèlman peye bay yon lòt fanmi. Li depann tou de konbyen timoun ki konsène. Revni an ka salè nan yon travay, konpansasyon travayè, pèman avantaj andikap, avantaj chomaj, pèman Sekirite Sosyal, ak anpil lòt fòm revni. Yo pa konsidere asistans finansye ak SSI kòm revni.

Kantite Timoun	%
1	17%
2	25%
3	29%
4	31%
5 oswa plis	omwen 35%

*Pa egzanp, si ou touche \$35,000 pa ane aprè dediksyon CSSA otorize yo, epi ou gen 1 pitit, montan debaz lòd sipò timoun lan ap apeprè \$115 pa semèn. Pou de (2) timoun nan menm fanmi an, lòd la t ap ogmante rive nan \$168 pa semèn.*

Anplis montan obligasyon debaz la, lòd sipò timoun nan dwe gen sipò medikal ladan. Sipò medikal vle di depans pou swen sante pou timoun lan tankou pri asirans sante, franchiz, ak kopeman. Frè sipò medikal yo divize ant de (2) paran yo, selon revni yo. Nenpòt nan paran yo gendwa oblije enskri timoun lan nan yon plan asirans sante, si li disponib nan travay li a.

Asirans lan dwe disponib nan yon pri rezonab pou anplwaye a epi sèvis medikal yo dwe disponib kote timoun nan ap viv la. Yo ka mete nan lòd pansyon alimentantè pou timoun nan frè rezonab tou pou edikasyon ak gadri pou timoun nan. Anjeneral, depans sa yo divize ant de (2) paran yo dapre revni paran yo.

Epitou, li kapab genyen gadri ladan. Sipò medikal ak swen pou timoun yo ajoute nan kantite lajan an nan lòd debaz la. Remake byen, paran ki pa gen lagad timoun yo (paran ki p ap viv ak timoun lan) dwe mande tribinal la pou retire gadri a nan lòd yo anvan yo sispann peye li.

## LÈ Lòd LA VIN EFEKTIF

Dat efektif yon òdonans sipò timoun se dat yo te depoze petisyon an, se pa dat yo te etabli lòd la nan tribinal la oswa dat sitiyouasyon ou chanje.

- Pa egzanp, si yo te depoze yon petisyon nan dat 1ye oktòb, epi yo etabli yon lòd sipò timoun pou \$115 pa semèn nan yon odyans nan dat 5 desanm, paran ki pa gen gad la ap dwe \$115 pa semèn apati 1ye oktòb. Kidonk, 1ye desanm paran ki pa gen gad la t ap kite tribinal la pandan l dwe \$1,000 nan sa yo rele sipò retwo-aktif la, ki se peryòd ant dat yo te depoze petisyon an ak dat yo te bay lòd la.
- Menm jan an tou, si w te kòmanse viv ak pran swen pitit ou an janvyè men ou pa t depoze yon petisyon jiska mwa jen pou sispann (sispann) oswa chanje lòd pou w vin paran gadyen an, ou t ap toujou responsab pou tout sipò timoun ou dwe ant janvyè ak jen.

## Kijan paran ki p ap viv ak timoun nan ki gen yon revni ki ba ka benefisye yon rediksyon nan kantite lajan sipò timoun nan

Li enpòtan anpil pou w parèt nan odyans lan epi pote enfòmasyon finansye w pou Jij Sipò a kapab etabli yon lòd ki baze sou revni w.

- Si revni anyèl ou pi ba pase rezèv pou sipò pwòp tèt ou, Eta New York oswa SSR, lòd sipò timoun ou an ka fikse ak \$50 pa mwa. SSR ak nivo povrete federal la chanje chak ane, gade <https://www.childsupport.ny.gov/dcse/pdfs/CSSA.pdf>.
- Si revni ou touche chak ane pi ba pase nivo povrete federal la pou yon sèl moun, yo ka mete lòd sipò timoun ou nan \$25 pa mwa epi montan aryere ou dwe ap rete nan limit \$500. Ale sou <https://aspe.hhs.gov/topics/poverty-economic-mobility/poverty-guidelines>.
- Si w gen yon travay ki pa peye anpil oswa si w pa gen travay, Jij Sipò a ka oryante w nan Pwogram Sipò pou Paran (Parent Support Program, PSP). Y ap refere w nan yon òganizasyon k ap ede w jwenn yon travay. Depi ou kòmanse fè plis lajan, yo gendwa ogmante montan lòd sipò timoun pou timoun ou an nan yon odyans tribinal.

## Kisa Ki Ap Pase Aprè Odyans Lan

- Si yo etabli yon lòd sipò timoun, y ap ba w yon fèy enstriksyon konsènan pèman ki endike kantite lòd sipò timoun ou an ak kijan pou kòmanse fè pèman an. Y ap ba w yon kopi lòd la tou, pi souvan pa lapòs. Ou ka tounen nan tribinal nan yon lòt dat pou mande yon kopi.
- Li lòd pansyon alimentantè pou timoun ou an, asire ou konprann li, epi kenbe yon kopi. Si w pa dakò ak lòd pansyon alimentantè pou timoun nan, ou gen 30 jou apati dat lòd la pou w depoze yon kontestasyon alekri nan tribinal. Yon jij ap egzamine dosye ka w la, epi l ap deside si lòd la kòrèk oswa si yo ta dwe chanje l. Yo bay yon egzanp lòd pansyon alimentantè pou timoun nan do tiliv sa a.
- Aprè yo fin antre lòd la nan sistèm enfòmatis sipò timoun nan, y ap voye yon lèt pa lapòs ba ou k ap di w konbyen ou dwe peye ak kijan pou w fè pèman yo. Li lèt sa a ak anpil atansyon pou asire w tout enfòmasyon yo egzat. Kontakte OCSS pou fè nenpòt koreksyon.

## PEYE PANSYON ALIMANTÈ POU TIMOUN OU

### Kijan Pou Ou Peye Epi Kisa Inite Rekouvreman Sipò Timoun (Support Collection Unit, SCU) Nan Ye

Ou responsab pou peye lòd pansyon alimentantè pou timoun ou Si w ap travay, y ap voye yon avi bay anplwayè w la ak enstriksyon pou w pran pèman sipò timoun nan nan salè w epi voye lajan an bay OCSS. Epi tou, yo kapab tou pran pèman sipò timoun nan dirèkteman nan lòt sous revni, tankou pansyon, alokasyon militè, Sekirite Sosyal, andikap ak asirans chomaj. Yo pa kapab pran pèman sipò timoun yo nan avantaj èd finansye oswa SSI. Si lòd sipò timoun ou gen sipò medikal ladan, y ap voye yon avi nan travay ou pou dedwi frè pou avantaj asirans sante pou timoun ou an nan chèk ou.

1. **Si w ap travay kòm yon NCP**, chèk salè w ap fè objè sezi. Li ka pran kèk semèn depi lè yo fikse lòd sipò timoun nan jiskaske anplwayè w la dedwi pèman an nan chèk ou. Jiska moman sa, atann ou w ap fè pèman yo bay Sant Tretman pou Sipò Timoun nan Eta New York.
2. **Si se ak tèt ou w ap travay**, atann ou w ap fè pèman yo bay Sant Tretman pou Sipò Timoun nan Eta New York sou yon baz regilye.
3. **Si ou p ap travay**, ou dwe fè pèman yo dirèkteman bay Sant Tretman pou Sipò Timoun nan Eta New York sou yon baz regilye.

- Tout opsyon pèman yo rezime nan <https://on.nyc.gov/paymentmethods>.
- Sèvi ak NYC Child Support – ACCESS HRA Mobile App pou fè pèman sipò pou timoun ak yon kat kredi, kat debi, oswa PayPal: [nyc.gov/childsupportmobile](http://nyc.gov/childsupportmobile).
- Li enpòtan pou w fè pèman yo a tan. Si pèman yo anreta epi pèman w yo soti nan travay ou dirèkteman oswa nan lòt sous revni, yo gendwa ogmante dediksyon regilye ou yo ak yon lòt 50% jiskaske kont ou vin an règ, epi ou ka sibi lòt mezi egzekisyon pèman yo. Yo rele sa yon “montan adisyonèl” oswa yon “montan anplis”.

*Pa egzanp, si lòd pansyon alimentantè pou timoun ou an se \$115 pa semèn epi ou dwe aryere pansyon alimentantè pou timoun nan, y ap fè w peye yon lòt \$57.50 anplis (ki se 50% \$115), ki bay yon total \$172.50 pa semèn jiskaske kont ou vin an règ.*

### Kijan Pou Mande Yon Egzamen Difikilte Yo

- Si sezi ou ogmante tanporèman de 50% pi wo pase lòd regilye ou a, Eta New York asire lè w peye montan anplis la, sa a pa kreye yon difikilte lè w kite revni w pi ba pase rezèv anyèl pou sipò pwòp tèt ou. Gade <https://childsupport.ny.gov/dcse/pdfs/CSSA.pdf> pou jwenn kantite rezèv pou sipò pwòp tèt ou pou ane aktyèl la. Pa egzanp, si lòd sipò timoun pou timoun ou an se \$300 pa mwa, montan ki vin ajoute a ap \$150, ki bay yon total \$450 chak mwa. Si \$150 sipleman sa a diminye revni anyèl ou pi ba pase rezèv pou sipò pwòp tèt ou a, ou ta dwe kontakte oswa vizite Sant Sèvis Kliyantèl OCSS la oswa voye yon imèl bay [dcse.cseweb@dfa.state.ny.us](mailto:dcse.cseweb@dfa.state.ny.us) epi mande yon “Revizyon difikilte yo”.
- Yo gendwa retire enpe oswa tout montan anplis \$150 a si ou ka pwouve yon difikilte, men lòd sipò timoun lan p ap chanje. Pou diminye lòd sipò timoun ou an, ki rele yon “modifikasyon alabès”, ou ka mande travayè Sant Sèvis Kliyantèl la sou yon akò atravè Modifye Lòd Atravè Stipulation (Modifying Orders Through Stipulation, MOTS), oswa ou ka depoze yon petisyon modifikasyon nan tribinal kote lòd la te etabli a.

### Sa Anplwayè Ou A Dwe Fè

Anplwayè w la oblije sezi kantite lajan tribinal la bay pou sipò timoun nan ak sipò medikal la nan salè w. Dediksyon nan salè yo pou pansyon alimentantè pou timoun ak sipò medikal se menm bagay pou tout moun epi travay yo konnen pwosesis sa a. Anplwayè w la pa ka revoke w, fè w peye yon frè, oswa fè diskriminasyon kont ou nan okenn fason akòz dediksyon sipò timoun.

Si anplwayè w la gen kesyon, gen èd ki disponib lè w rele Liy Èd pou Sipò Timoun Eta New York la nan 888-208-4485, epi w ap chwazi opsyon 2 (Anplwayè ak Moun ki gen Revni). Si w enkyè pou anplwayè w la pa respekte lalwa, tanpri fè OCSS konnen sa pa imèl nan [dcse.cseweb@dfa.state.ny.us](mailto:dcse.cseweb@dfa.state.ny.us).

Lwa Federal sou Pwoteksyon Kredi Konsomatè (Federal Consumer Credit Protection Act, FCCPA) mete limit nan montan travay ou kapab pran nan chèk ou. Montan maksimòm yo kapab pran se yon pousantaj revni ki a dispozisyon w (montan ki rete apre yo fin pran taks federal, Eta, taks lokal, Sekirite Sosyal, ak dediksyon Medicare). Pousantaj lan depannde si ou dwe aryere sipò pou timoun oswa ou pa.

## Gid CCPA pou IWO ki sot pase yo

Pou lòd pou kenbe revni nan Eta New York la ki nan dat 29 out 2018, oswa pita

Pousantaj maksimòm revni disponib yo kapab pran...	...Lè NCP a reponn kritè sa yo
50%	Pa gen aryere ki admisib (ekivalan de 12 semèn oswa plis nan sipò timoun aktyèl yo)
55%	Gen aryere ki admisib (ekivalan de 12 semèn oswa plis nan sipò timoun aktyèl yo)

### Pa egzanp:

Paran ki pa gen gad la ki gen omwen yon (1) lòd sipò timoun

- Lòd sipò timoun pou timoun nan se \$200 pa semèn
- Pa gen okenn aryere
- Revni ki disponib la se \$300 pa semèn
- Maksimòm yo ka pran an se \$150 pa semèn (\$300 x50%)

*Si anplwayè a remèt \$200 total la, paran ki pa gen gad la dwe mande pou pewòl pou rekalkile dediksyon pewòl sipò timoun nan paske kantite lajan yo retire a depase limit CCPA a. Menm jan tou, paran ki pa gen lagad la dwe retounen nan Tribinal Fanmi kote yo te bay lòd pansyon alimantè pou timoun nan epi depoze yon petisyon pou yon modifikasyon pou bese li. Se paske menmsi travay la pran mwens nan salè a, montan lòd pansyon alimantè pou timoun nan p ap chanje. Tout chanjman nan lòd la dwe fèt atravè pwosedè jidisyè oswa atravè yon akò modifikasyon atravè anplwayè Sèvis Kliyan OCSS yo.*

## Kijan Pou Jwenn Èd Pou Jwenn Yon Travay

Si w pa gen mwayen pou w peye lajan pansyon alimantè pou timoun nan paske w p ap travay oswa ou gen yon djòb ki pa peye ase, gen pwogram ki kapab ede w:

- **Pwogram Sipò pou Paran (Parent Support Program, PSP)** konekte paran ki pa gen gad yo ak travay, fòmasyon travay, medyasyon, edikasyon, kou pou preparasyon pou lavi ak lòt sèvis. Pwogram nan ede paran yo ranpli obligasyon sipò timoun yo epi bati relasyon ki pi solid ak pitit yo. Yo ka oryante paran ki pa gen gad yo nan pwogram nan lè yo parèt nan Tribinal Fanmi nan pou ka sipò timoun yo.
- **TXT-2-Work** se yon èd pou chèche travay volontè ki voye enfòmasyon ajou sou òf travay ak konsèy sou rechèch travay epi redaksyon kirikilòm vite pou abitan vil New York yo ki abònè nan sèvis la. Vitès livrezon elektwonik la vle di abònè

TXT-2-Work kapab li enfòmasyon sou yon travay ak aplike pou li nan lespas 24 èdtan apre òf travay la disponib. Pou w ka enskri, voye yon mesaj tèks ak mo JOBS la nan 877877 oswa ranpli fòm sou entènèt la lè w chèche NYC Business Link.

- **Workforce1** se yon sèvis Depatman Sèvis Ti Biznis NYC bay. Li prepare ak konekte kandida ki kalifye nan travay. Li ofri sèvis yo pa mwayen yon rezo Sant Karyè Workforce1 ki sitiye nan tout senk minisipalite Vil la epi yo disponib pou Nouyòkè ki gen 18 lane oswa plis. Pou plis enfòmasyon ak lokalizasyon Workforce1, [ale sou nyc.gov/workforce1](http://ale.sou.nyc.gov/workforce1).
- **Jobs-Plus** se yon pwogram travay ki sètifye pou rezidan ki nan lojman piblik Vil New York yo, ki fè evalyasyon, preparasyon pou travay, fòmasyon, ede chèche travay, bay yon oryantasyon pou jwenn sipò sosyal yo, ak sèvis sipò timoun pou timoun yo.

Kontakte OCSS pou w jwenn yon referans nan yon pwogram travay. Pou fòmasyon travay ak tout opsyon travay aktyèl yo, ale nan <https://on.nyc.gov/jobsandtraining>.

Imèl: [dcse.cseweb@dfa.state.ny.us](mailto:dcse.cseweb@dfa.state.ny.us)

## Si Ou chanje Adrès oswa Si Ou Chanje Travay

Si w ap kite kay ou lalwa egzijè ou pou enfòmè OCSS menm kote an pou nou kapab rete an kontak avèk ou sou dosye w la. Si w chanje travay, fè nou konn sa dekwa pou nou ka avèti nouvo travay ou an pou yo kòmanse pran peman sipò timoun nan chèk ou. Tout enteripsyon nan peman yo ap lakòz dèt sipò timoun ki poko peye epi li ka deklanche mezi egzekisyon solid. Ou ka manke enfòmasyon enpòtan sou dosye w la tou, si nou pa gen adrès ki pi resan an.

## Si Ou Deklare Fayit

Deklare fayit pa elimine obligasyon pou peye sipò pou timoun aktyèl la ak ki sot pase yo. Dèt sipò timoun gen priyorite sou lòt kredite eksepte IRS (Internal Revenue Service) nan kèk sitiyaasyon. Si ou deja gen yon lòd sipò timoun, dediksyon pewòl pou sipò aktyèl la ap kontinye. Kalite fayit la (sa vle di ki chapit fayit) detèmine si koleksyon sipò ki pa rive yo kontinye epi ki mezi egzekisyon ki aplike. Yon nouvo lòd sipò timoun ka toujou etabli pandan peryòd fayit la.

## Si Ou Bay Paran Ki Ap Viv Avèk Timoun Nan Lajan Oswa Kado

- Depi w gen yon lòd sipò pou timoun ki peye nan Inite Koleksyon Sipò (Support Collection Unit, SCU), tout kado (lajan kach oswa lajan ki pa kach) ou bay pitit ou a p ap konte nan peye obligasyon sipò timoun ou an. Menm jan an tou, tout lajan ou peye paran ki gadyen an dirèkteman p ap kredite nan kont sipò timoun ou an, epi ou ka dwe det sipò timoun kòm rezilta.
- Yo konsidere paran ki gen gadyen k ap resevwa avantaj asistans finansye yo komèt fwod asistans sosyal si yo aksepte pèman sipò dirèk pou timoun epi si yo pa siyale pèman sa yo bay Administrasyon Resous Imèn NYC (HRA) nan.
- Rad, kouchèt, ak lòt bagay ou bay paran ki gen gad timoun nan konsidere kòm kado. Yo pa konte kòm pèman pou sipò timoun pou timoun.

## Kote Pèman Yo Ale

- Si paran ki gen lagad la ak/oswa timoun lan ap resevwa èd finansye, fanmi an gen dwa kenbe jiska premye \$100 (\$200 pou 2 timoun oswa plis) sipò timoun pou timoun yo kolekte chak mwa nan moman an. (Sipò aktyèl la se kantite lajan ki dwe, ki idantifye nan lòd tribinal la). Yo rele sa yon transfè oswa prim ki vin ajoute sou avantaj asistans finansye yo. Tout bagay yo kolekte pi wo pase pèman bonis la itilize pou ranbouse Depatman Sèvis Sosyal (DSS) pou avantaj finansye yo resevwa yo.
- Pa egzanp, si yon paran gadyen gen yon timoun ak yon montan benefis asistans lajan kach \$500, epi lòd paran ki pa gadyen an se \$150 epi yo peye \$100, paran ki gen gadyen an resevwa yon total \$600 (\$500 avantaj plis \$100 sipò pou timoun).
- Lè fanmi an renonse a èd lajan kach, lòd sipò timoun lan ap kontinye amwenske paran ki gen lagad la mande pou fèmen li. Tout lajan yo kolekte pou sipò timoun ki gen nan moman an al jwenn paran ki gen lagad la dirèkteman. Nan kèk ka, OCSS ap toujou kenbe sipò yo dwe yo apati lè fanmi an t ap resevwa asistans finansye.
- Si paran ki gen gad la pa te janm resevwa asistans finansye, y ap voye tout pèman yo ba li.
- Leve yon timoun se bagay ki koute chè anpil. Pou fanmi ki gen yon sèl paran ki fè mwens pase \$59,200 anvan taks, pri estimasyon pou elve yon tibebe ki fenk fèt jiska 2 zan se \$11,450 pou chak ane dapre rapò Depatman Agrikilti Ameriken an "Depans sou timoun pa fanmi yo".



## REVNI PARAN KI P AP VIV AVÈK TIMOUN NAN KREDI NAN TAKS

Ou ka elijib pou Kredi Enpo sou Revni pou Paran Ki P Ap Viv Avèk Timoun nan nan Eta New York. Pou w jwenn kredi sa a, ou dwe fè taks sou revni Eta New York epi mete ladan fòm taks IT-209. Ou gen jiska dezan pou w ranpli kredi enpo sa a. Pou plis enfòmasyon, vizite: <https://on.nyc.gov/4dsyL9T>.

## GAD AK VIZIT

Yo pa etabli lòd sou gad ak vizit nan odyans pou sipò timoun lan epi yo pa mete yo nan lòd sipò timoun lan. Men, yo se pwoblèm emosyonèl pou paran yo. Menmsi ou pa wè pitit ou, ou responsab kanmenm legalman pou peye pansyon alimantè pou timoun tribinal la òdone a. Si paran ki gen lagad la pa vle kite ou wè pitit ou, oswa nou pa kapab antann nou sou lòt pwoblèm ki anrapò ak elve timoun nan, anvizaje medyasyon. Medyasyon ka ede w rezoud diferans ou yo epi amelyore relasyon w ak lòt paran an. Gade founisè medyasyon gratis ak bon mache ki nan lis nan seksyon sa a.

Nenpòt paran ka depoze yon petisyon nan Tribinal Fanmi pou yon odyans sou gad ak vizit pou etabli gad fòmèl timoun nan oswa pou fè respekte dwa vizit yo. Y ap diskite sou kiyès ki gen gad legal la nan yon lòt odyans, ki separe ak ka sipò timoun nan. Sepandan, yo ka pran lòd sipò timoun nan an konsiderasyon si ou te pase plis tan ak timoun nan, asire w ou pale de sa nan tribinal la. Nan odyans lan, jij la oswa majistra a gendwa refere paran yo pou medyasyon an. Se yon okazyon pou toude paran yo antann sou yon akò ki kapab vin tounen yon lòd tribinal. Si yo pa ka rive jwenn yon akò, paran yo ap retounen nan tribinal la epi jij la oswa majistra a ap pran desizyon ki nesèsè yo.

Sèvis medyasyon yo disponib tou san w pa ale nan tribinal. Ale sou entènèt sou [bit.ly/MediationBrochure](http://bit.ly/MediationBrochure) pou jwenn yon deskripsyon ak lis sèvis sa yo. Paran yo gendwa kontakte òganizasyon sa yo dirèkteman pou sèvis medyasyon gratis oswa bon mache:

- **CENTER FOR MEDIATION AND TRAINING:** 212-799-4302 (tout kliyan yo; tarif pa èdtan)
- **COMMUNITY MEDIATION SERVICES:** 718-523-6868 (Rezidan Queens yo)
- **INSTITUTE FOR MEDIATION AND CONFLICT RESOLUTION:** 718-585-1190 (Rezidan Bronx yo)

- **NEW YORK LEGAL ASSISTANCE GROUP:** [hrasupport@nylag.org](mailto:hrasupport@nylag.org) (kliyan ki pa gen anpil revni)
- **NEW YORK PEACE INSTITUTE:** 212-577-1740 (Rezidan Brooklyn ak Manhattan yo)
- **PARENT HELP:** 800-716-3468 (yon liy èd gratis ak konfidansyèl nan telefòn pou manman ak papa k ap viv apa)

## CHANJE Lòd OU LÈ SITIAYON OU CHANJE

### Kijan Ou Ka Pote Yon Akò Modifikasyon Nan Tribinal La

Yon altènativ a pwosesis tribinal ki pi long pou chanje yon lòd sipò pou timoun se fè yon akò ant tou de paran yo, kote se yon travayè nan Sant Sèvis Kliyantèl OCSS la (Customer Service Walk-in Center) k ap fasilite li. Pwogram nou an, ki rele Lòd Modifikasyon Nan Estipilasyon (MOTS), anjeneral, egzije yon kout odyans Tribinal ki lakoz yon òdonans sipò timoun sou konsantman, ki se yon lòd toulede pati yo (paran yo) te dakò. Odyans tribinal la bay Jij Sipò a opòtinite pou asire yo te deside modifikasyon an volontèman epi nou tou de konprann dwa nou yo. Tribinal la p ap konvèti akò a an yon lòd sou konsantman san yo pa parèt nan tribinal.

MOTS ofri tou de paran yo opòtinite pou yo diskite, poze kesyon, ak jwenn yon akò sou kantite lajan obligasyon sipò timoun nan, atravè gid estanda sipò timoun yo ak kalkil. MOTS fèt pou ofri paran yo yon pwosesis amikal ak sipò pou modifike lòd yo.

### Kijan Pou Mande yon Modifikasyon nan Tribinal

Lòd sipò timoun ou an baze sou enfòmasyon ki disponib nan moman odyans lan. Nenpòt paran yo gendwa depoze yon petisyon nan Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi an pou modifike (chanje) montan lòd sipò timoun lan si gen yon gwo chanjman nan sikonstans yo oswa si bezwen timoun nan pa satisfè.

- Si revni ou chanje (ou pa fè lè sipleman an, ou pèdi travay ou epi ou nan chomaj, ou kòmanse resevwa pansyon envalidite, elatriye) epi ou pa gen mwayen pou peye lòd sipò timoun nan, ou ta dwe imedyatman retounen nan tribinal la, kote ou te gen dènye odyans pou sipò timoun ou an epi depoze yon petisyon pou yon modifikasyon alabès.

- Ou ka ale sou entènèt pou konsilte Fòm DIY (Do-It-Yourself) Eta New York la nan [nycourthelp.gov](http://nycourthelp.gov) epi ranpli yon demann modifikasyon sipò. Depi ou telechaje petisyon ou fin ranpli a epi ou siyen li, ou ka pote li, oswa poste li, nan Tribinal Fanmi an.
- Y ap ba ou yon dat pou odyans ak enstriksyon konsènan sa pou w fè aprè. Yo dwe fè paran ki gen gad la konnen pou l parèt devan tribinal la. OCSS ka ede ou remèt konvokasyon an bay paran k ap viv ak timoun nan.

Ou kapab mande yon modifikasyon si nenpòt nan bagay sa yo aplike nan ka pa la:

- Twa (3) lane gentan pase depi lòd la te bay, depi dènye modifikasyon an oswa ajisteman an.
- Te gen yon chanjman nan nivo 15% oswa plis nan revni avan dediksyon nenpòt nan paran yo depi yo te bay lòd la, depi yo te fè dènye modifikasyon sou li, oswa ajiste li. Nenpòt diminyasyon nan revni dwe envolontè epi paran ki deklare revni li diminye a dwe te eseye jwenn travay ki ta apwopriye pou edikasyon li, kapasite l ak eksperyans li.
- Moun ki nan prizon yo gendwa depoze yon petisyon pou modifikasyon akoz yon gwo chanjman nan sikonstans yo depi anprizonman yo a pa fèt akoz pèman sipò timoun pou timoun yo pa peye, oswa yon enfraksyon kont paran k ap viv ak timoun nan oubyen kont timoun nan. (Sa a aplike sèlman pou lòd ki fikse aprè 10 oktòb 2010.)

### Lè Timoun Ki Pi Gran An Vin Gen 21 Lane

- Si gen plis pase yon sèl timoun ki nan yon menm lòd pansyon alimantè pou timoun nan, yo ka fè alokasyon pou montan obligasyon an. Sa vle di yo mete yon montan presi pou chak timoun depandan. Lè timoun ki pi gran an vin gen 21 an, OCSS ap retire otomatikman nan lòd sipò timoun pou timoun nan, nan montan ki afekte pou timoun sa.
- Si pa gen alokasyon nan lòd la, paran ki pa gen lagad la dwe depoze yon petisyon nan tribinal pou yon modifikasyon pou bese li lè timoun ki pi gran an vin gen 21 lane. Sinon, lòd la p ap chanje, epi w ap oblije kontinye peye tout kantite lajan an ki gen kantite lajan pou pitit ou ki emansipe a ladan.
- Si yo te bay lòd ou an andeyò Eta New York la, dat emansipasyon an ka pa 21 lane.

### Kisa K Ap Pase Nan Odyans Tribinal La Pou Yon Modifikasyon

- Depi ou depoze yon petisyon modifikasyon nan Tribinal Fanmi an, y ap pwograme yon odyans. W ap genyen okazyon pou w prezante revni ak depans aktyèl ou yo.
- Jij Sipò a ap egzamine enfòmasyon yo dapre machaswiv Lwa sou Nòm pou Sipò Pou Timoun nan Eta New York (New York State Child Support Standards Act) epi decide si yo dwe chanje lòd la.
- Nenpòt chanjman nan montan lòd ap fè bak sèlman pou rive nan dat ou te depoze petisyon an nan tribinal, se pa dat kote sikonstans ou yo te chanje reyèlman.

### Ajisteman Daprè Depans Chak Jou yo.

- OCSS ka ogmante yon lòd sipò timoun ak yon Ajisteman Pri Lavi (COLA) lè ka a vin elijib, san yo pa ale nan tribinal.
- Montan COLA a baze sou chanjman chak ane nan Endèks Pri Konsomatè pou Tout Konsomatè lben yo (Consumer Price Index, CPI-U), ki suiv pri atik tankou manje, rad, lojman, transpò, gaz ak frè medikal.
- Yo ka ajoute COLA nan yon lòd sipò timoun lè ogmantasyon chak ane nan CPI-U a vin 10% antou omwen apati dat mizanplas lòd la oswa apati dènye modifikasyon li.
- Y ap enfòme w anvan yo ajoute yon COLA nan lòd ou an epi w ap gen yon okazyon pou w konteste li.
- Si w konteste COLA a, y ap prevwa yon odyans pou modifikasyon nan Tribinal Fanmi pou egzamine montan lòd ou an. Jij Sipò a ap decide si yo ta dwe chanje lòd la oswa si li ta dwe rete menm jan an, selon direktiv Lwa sou Nòm pou Sipò Pou Timoun nan Eta New York (New York State Child Support Standards Act).

## PWOGRAM DIMINISYON DÈT POU PARAN KI PA GEN GAD LA

OCSS gen pwogram ki kapab redui dèt sipò timoun (aryere) yo dwe Depatman Sèvis Sosyal Vil New York yo (Department of Social Services, DSS). Si w pa sèten ou dwe DSS lajan, kontakte OCSS nan [dcse.cseweb@dfa.state.ny.us](mailto:dcse.cseweb@dfa.state.ny.us).

**AREARS CAP** kapab diminye dèt sipò timoun ou dwe bay gouvènman an (DSS) jiska \$500, san w pa ale nan Tribinal Fanmi.

### POU KALIFYE:

- Ou sipoze dwe DSS Vil New York aryere; pa oblije gen mizan akizasyon oswa lòd sipò timoun ki aktif.
- Aryere yo dwe te ogmante pandan revni yo te anba nivo povrete federal la (gade <https://aspe.hhs.gov/topics/poverty-economic-mobility/poverty-guidelines>). Si ou pa gen prèv pou revni ki sot pase yo (deklarasyon taks, souch pèman), mande yon deklarasyon salè nan men Administrasyon Sekirite Sosyal oswa yon prèv anprizònman, oswa prèv w ap resevwa yon avantaj (pa egzanp, asistans finansye).

### PWOGRAM KREDI ARYERE (ARREARS CREDIT PROGRAM, ACP)

kapab diminye montan aryere ou dwe DSS la de \$5,000 nan yon ane pou jiska twazan, san w pa ale nan tribinal. Paran ki pa gen gad la ki gen lòd sipò pou timoun ak moun ki dwe sèlman aryere, yo tou de elijib pou patisipe nan ACP. Yo ka peye Lòd aktyèl swa bay DSS oswa bay paran ki gen gad la, men sèlman aryere yo dwe DSS yo ap redui.

### POU KALIFYE:

- Pa gen okenn kondisyon revni pou kalifye pou ACP.
- Fè pèman konplè chak mwa pou yon ane antye.
- Paran ki kalifye ki pa gen gad yo ap resevwa yon kredi \$5,000 pa ane, jiska twazan, pou aryere sipò timoun yo dwe DSS yo.

**PWOGRAM REYISIT PARANTAL** la ankouraje paran ki pa gen gad yo pou pran mezi pou amelyore pwòp vi yo pou yo ka fè plis pou pitit yo. Pwogram Revisit Parantal la se yon nouvo pwogram pilòt pou paran ki dwe Depatman Sèvis Sosyal Vil New York (New York City Department of Social Services, NYC DSS). Ou ka diminye dèt NYC DSS ou a jiska \$ 7,500 ak verifikasyon ou te konplete yon pwogram tretman dwòg ki kalifye.

**PAY IT OFF (PEYE LI)** se yon pwogram ki etann li sou yon peryòd tan limite ki pèmèt paran ki pa gen gad yo pou yo peye dèt sipò timoun yo dwe yo bay Depatman Sèvis Sosyal NYC (Department of Social Services, DSS) de (2) fwa pi vit. Lè ou peye yon kantite minimòm obligatwa, OCSS ap diminye dèt DSS ou an de (2) fwa oswa jiska kantite lajan total aryere sipò timoun ou dwe DSS la.

Pou konnen si w kalifye pou youn oswa plizyè nan pwogram rediksyon dèt sa yo, voye yon imèl bannou nan [dcse.cseweb@dfa.state.ny.us](mailto:dcse.cseweb@dfa.state.ny.us) oswa vizite youn nan biwo nou yo (gade <https://on.nyc.gov/contactocss>).

Aprann plis sou pwogram rediksyon dèt OCSS ofri yi lè w vizite [nyc.gov/ocss-debt-reduction](https://nyc.gov/ocss-debt-reduction). Sèvi ak NYC Child Support – ACCESS HRA Mobile App pou soumèt yon aplikasyon pou yon pwogram rediksyon dèt: [nyc.gov/childsupportmobile](https://nyc.gov/childsupportmobile).





## LÈ W GEN RETA NAN PÈMAN YO

OCSS kenbe tras de konbyen sipò timoun ou peye ak kantite lajan ou dwe. Nou gen responsablite asire pèman yo fèt regilyèman epi alè. Si ou gen reta nan pèman sipò timoun pou timoun ou an, gen yon kantite aksyon administrativ pou egzekisyon ki ka rive.

- Anvan nenpòt mezi egzekisyon ka pran plas, yo pral voye yon avi ki eksplike kijan pou anpeche aksyon an fèt ak kijan pou depoze yon defi oswa yon erè pou ou nan kourye lapòs. Ou ka ale sou [youtube.com/hranyc](https://www.youtube.com/hranyc) pou w gade yon videyo sou fason pou w soumèt yon kontestasyon.
- Pou jwenn plis enfòmasyon sou chak mezi egzekisyon ak fason pou konteste yo, gade [https://childsupport.ny.gov/dcse/enf\\_actions.html](https://childsupport.ny.gov/dcse/enf_actions.html).
- Sèvi ak NYC Child Support – ACCESS HRA Mobile App pou ranpli yon fòm kontestasyon mezi egzekisyon: [nyc.gov/childsupportmobile](https://nyc.gov/childsupportmobile).
- Si w ap resevwa asistans finansye oswa Asirans Sekirite Sosyal (Social Security Insurance, SSI), ou p ap sibi kèk mezi egzekisyon.
- Yon dosye ka fè objè plizyè mezi egzekisyon an menm tan.
- OCSS gen otorite pou fè respekte lòd sipò timoun nan atravè pwosesis administratif san li pa retounen nan tribinal.
- Si metòd sa yo pa abouti a pèman sipò timoun nan, dosye a ka ale nan Tribinal Fanmi pou mezi egzekisyon jidisyè.

### Mezi Administratif Otomatize

#### AJOUTE MONTAN

Pèman sipò timoun ou yo ka ogmante tanporèman a 50% pi wo pase kantite kòmman regilye a nenpòt lè pèman yo fèt an reta. Pou yon nouvo lòd, sa ka rive touswit paske ou dwe aryere pansyon alimantè pou timoun depi dat yo te depoze petisyon an nan tribinal la, se pa depi dat odyans lan.

#### KONPANSASYON RANBOUSMAN LAJAN TAKS

Si w prevwa jwenn yon ranbousman taks revni federal oswa Eta, yo ka voye li bay OCSS pito pou w peye sipò timoun ki depase delè.

- Ap gen konpansasyon ak ranbousman taks Eta New York si ou dwe \$50 omwen.
- Konpansasyon ranbousman taks federal ap fèt depi ou dwe omwen twa mwa pèman ki sot pase yo dwe epi si montan ou dwe a rive nan \$500 (\$150 si se DSS ou dwe).
- Yo deside kantite lajan konpansasyon taks la nan ane anvan yo pran ranbousman an. Si w pa dwe lajan ankò nan moman yo pran ranbousman taks la, y ap ba w yon ranbousman sito OCSS resevwa lajan an nan men IRS oswa Depatman Taks ak Finans Eta New York. Sa ka pran sis a uit semèn apati lè yo avèti w y ap voye ranbousman taks ou ba OCSS.
- Si yo te ranpli yon deklarasyon taks ansanm, mari oswa madanm ki pa gen okenn responsablite finansye pou timoun nan ka depoze yon fòm Konjwen an difikilte ak IRS ak/oswa Depatman Taksasyon ak Finans Eta New York la (New York State Department of Taxation) pou mande pòsyon pa li a nan ranbousman an. OCSS ap kenbe ranbousman IRS la pandan 6 mwa pou bay mari/madanm ki sibi domaj la yon chans pou depoze yon reklamasyon pou yon pòsyon nan ranbousman taks la. Apre 6 mwa, y ap mete tout ranbousman an nan sou kont paran ki pa gen gad la.

#### OPERASYON POU SEZI LAJAN YON MOUN GENYEN NAN LOTRI

Si w genyen \$600 oswa plis nan lotri Eta New York la epi w dwe omwen \$50 nan aryere pou sipò timoun, yo ka peye OCSS ak lajan prim nan. Y ap enfòmè paran ki dwe sipò timoun lan lè l al reklame prim li a si y ap pran enpe ladan oswa tout pou aryere sipò timoun nan. Yon lèt ofisyèl ap vini pa lapòs apre sa.

#### SEZI KONT BANKÈ

#### (YO RELE TOU, EGZEKISYON PWOPRIYETE (PROPERTY EXECUTION, PEXI))

Yo ka bloke kont labank ou (epay, chèk, mache monetè, Sètifika Depo, IRA) ak lòt byen finansye epi sezi yo pou peye OCSS si ou dwe omwen de (2) mwa sipò timoun pou timoun nan moman an epi ou gen aryere ki \$300 omwen.

- Si w ap peye sipò pou timoun kounye a atravè dediksyon revni otomatik, kont bank ou ap bloke si balans lan se \$3,000 oswa plis.
- Si w p ap peye sipò timoun nan moman an pa mwayen dediksyon nan salè, y ap bloke kont labank ou si balans lan \$25 omwen.
- Si lajan ki sou kont bank ou an soti nan Asirans Sekirite Sosyal (Social Security Insurance, SSI), asistans finansye, envalidite Administrasyon Veteran yo nan sèvis militè, sipò timoun oswa sipò timoun, OCSS pa kapab sezi yo.
- Sizoka se yon kont bank konjwen, kèk bank ap debloke tout lajan OCSS mande yo. Gen lòt bank ki ka egzije yon deklarasyon alekri toulède pati yo siyen pou debloke mwayen nan balans kont lan pou aryere sipò timoun yo.

### SISPANSYON LISANS CHOFÈ

Y ap sispansyon lisans chofè w si montan sipò timoun ou an dwe a egal a oswa plis pase kat (4) mwa montan lòd sipò timoun ou gen pou peye nan moman an epi pèman yo pa soti nan dediksyon nan pewòl yo. Paran ki pa gen gad yo k ap resevwa Asirans Sekirite Sosyal (SSI) oswa asistans finansye yo ap yon eksepsyon nan sispansyon lisans chofè yo. Si w resevwa yon lèt ki fè w konnen yo pral sispansyon lisans ou, pou evite sa rive ou ka fè nenpòt nan bagay sa yo:

- Peye tout sa ou dwe a.
- Bay enfòmasyon sou travay ou yon fason pou anplwayè ou a ka pran pèman yo dirèkteman nan salè ou.
- Antre nan yon akò pèman ak OCSS pou peye montan tribinal la òdone a plis yon lòt 50% nan aryere yo.
- Pwouve revni ou pi ba pase rezèv moun ki pran swen tèt yo pou Eta New York: <https://www.childsupport.ny.gov/dcse/pdfs/CSSA.pdf>.
- Si yo mete yon sispansyon anplas, ou ka mande yon lisans chofè limite nan Depatman Veyikil Amotè a pou otorize ou kondi aleritou nan travay ou.

### RAPÒ SOU BIWO KREDI

Yo soumèt non paran ki pa gen gad yo nan pi gwo ajans rapò sou konsomatè yo (Consumer Reporting Agencies, CRA) lè yo dwe omwen \$1,000 nan sipò timoun oswa si yo anreta de (2) mwa sou pèman yo, selon sa ki rive an premye a. Referans sa a ap kreye yon nòt negatif nan rapò kredi paran yo, k ap fè li difisil, oswa fè li koute pi chè, pou yo jwenn yon kat kredi, ipotèk oswa lòt kalite prè.

### REFERANS DIVIZYON TAKS AK FINANS ETA NEW YORK LA

Yo refere dosye yo nan Depatman Taks ak Finans Eta NY pou idantifikasyon ak sezi byen ou si montan ou dwe a plis pase kat (4) mwa lòd sipò timoun ou gen nan moman an, si li \$500 omwen, epi yo pa resevwa okenn pèman sipò timoun ki soti nan dediksyon pewòl nan 45 dènye jou yo. Paran ki pa gen gad yo k ap resevwa Asirans Sekirite Sosyal (SSI) oswa asistans finansye yo ap yon eksepsyon nanpwosesis sa a.

### REFI POU NOUVO PASPÒ AK PASPÒ Y AP RENOUVLE

Yo fè paran ki pa gen gad yo konnen davans yo kominike dèt sipò timoun yo bay Depatman Deta Etazini (yon ajans federal). Depatman Deta ap refize yon aplikasyon pou yon nouvo paspò oswa pou renouvle paspò si ou dwe omwen \$2,500 pansyon alimantè pou timoun. Yo p ap ba w yon paspò jiskaske w fin rezoud dèt pansyon alimantè pou timoun nan ak OCSS.

### REFI OSWA ATRIBISYON TANPORÈ LISANSPWOFESYONÈL VIL NEW YORK LA

Y ap refize aplikasyon pou nouvo lisans epi renouvle lisans pwofesyonèl Vil New York, oswa y ap bay yon lisans tanporè pou sis mwa, si aplikan an dwe remèt sipò timoun ki egal a omwen kat mwa sipò timoun aktyèl la. Men kèk egzanp ajans lisans nan Vi New York:

- Depatman pou Zafè Konsomatè (Department of Consumer Affairs)
- Komisyon Taksi ak Limouzin
- Depatman Ponpye
- Depatman Polis New York (New York Police Department)

Moun k ap aplike yo ka peye sa yo dwe a oswa antann sou yon akò avèk OCSS pou yo apwouve aplikasyon lisans yo. Si w gen pwoblèm pou w jwenn yon lisans pwofesyonèl nan Vil New York akòz yon dèt sipò pou timoun:

- Vizite Sant Sèvis Kliyantèl san Randevou nou an nan 151 West Broadway, ki louvri lendi rive vandredi ant 8è a.m. ak 6è p.m. (sof jou konje), oswa
- Voye yon imèl bay OCSS nan [dcse.cseweb@dfa.state.ny.us](mailto:dcse.cseweb@dfa.state.ny.us) pou mande yon randevou nan telefòn, epi mete non w, nimewo dosye w, nimewo telefòn ou ak pi bon lè pou yo kontakte w.

## Mezi Egzekisyon Jdisyè/Petisyon Pou Vyolasyon

### PETISYON POU VYOLASYON

Lè metòd egzekisyon administratif yo pa gen rezilta nan koleksyon sipò timoun nan, Paran ki gen gad la oswa OCSS ka depoze yon petisyon pou vyolasyon nan Tribinal Fanmi an (pou paran ki pa gen gad yo ki gen dèt sipò timoun nan DSS la). Yon odyans pou vyolasyon ap abouti nan:

- **JIJMAN LAJAN:** Tribinal la fikse aryere pansyon alimantè pou timoun yo nan yon montan presi ki akimile enterè 9% pa ane jiskaske w fin peye.

Anplis, odyans lan ka abouti ak:

- **SEZI:** Yo ka mete yon dwa sezi sou pwopriyete paran ki pa gen gad la ki mande pou li fin peye dèt sipò timoun pou timoun nan anvan li gen dwa pou vann oswa transfere pwopriyete a.
- **DEPO LAJAN KACH:** Yo ka oblije paran ki pa gen lagad la depoze lajan (jiska valè twazan pèman) pou sipò timoun pou timoun nan pi devan yo. Yo kapab pran pèman yo nan depo sa a si paran ki pa gen lagad la pa peye sipò timoun pou timoun yo regilyèman. Yo rele sa Kosyon tou oswa Kosyònman lajan kach.
- **ARESTASYON/ PRIZON:** Tribinal la ka bay yon manda arestasyon si paran ki pa gen gad la pa parèt devan tribinal la pou yon odyans pou vyolasyon. Nan kèk ka kote paran ki pa gen gad la pa fè pèman sipò timoun yo volontèman, li ka pran prizon pou jiska sis mwa. Pa fè pèman volontèman vle di paran ki pa gen gad la gen mwayen pou peye sipò timoun nan, men li chwazi pou li pa fè li, oswa li fè espere pa travay oswa li transfere lajan pou evite peye.
- **SISPANSYON LISANS PWOFEYONÈL, BIZNIS, AK OKIPASYONÈL LETA BAY:** Tribinal Fanmi an ka rekòmande konsèy apwopriye ki akòde lisans yo pou yo sispann lisans Leta paran ki pa gen lagad ki dwe yon kantite lajan sipò timoun ki egal a oswa ki plis pase kat (4) mwa montan sipò yo gen nan moman an. Kwafè, kineziterapet, avoka ak doktè se kèk egzanj okipasyon ki dwe anrejistre oswa ki dwe gen otorizasyon Eta New York la.

### PATISIPASYON NAN PWOGRAM SIPÒ POU PARAN (PARTICIPATION IN PARENT SUPPORT PROGRAM, PSP)

Lè yon paran ki pa gen gad pa gen travay oswa ki gen yon travay ki pa peye byen, oswa ki pa travay ase èdtan pou peye sipò pou timoun nan, Jij Sipò a ka bay lòd pou yo patisipe nan PSP, ki ede paran ki pa gen gad yo jwenn travay pou yo ka peye sipò pou timoun oswa pou yo ka refere yo bay Depatman Pwobasyon (Department of Probation, DOP) an.

### REKÒMANDASYON POU POURSUIT KRIMINÈL DEVAN LAJISTIS

OCSS ka mande Biwo Pwokirè Ameriken an oswa Biwo Pwokirè Distri lokal la pou fè poursuit kriminèl kont yon paran ki pa gen gad lè li chwazi pa fè pèman sipò pou timoun nan volontèman, lè li dwe aryere enpòtan, epi lè gen lòt mezi egzekisyon ki echwe.



## ANILASYON LÒD SIPÒ TIMOUN LAN

Nan Eta New York la, w ap gen pou peye sipò timoun lan jiskaske timoun nan ki emansipe, abityèlman lè li rive nan laj 21 lane, sof si tribinal la bay lòd pou yon bagay ki diferan. Yo kapab pwolonje lòd yo depase laj 21 ane pou rezon edikasyon oswa medikal. Tribinal Fanmi an ka sispann yon lòd anvan timoun nan gen 21 lane, si youn nan bagay sa yo rive:

- Timoun nan vin emansipe. Timoun nan bwote epi li vin ap bay pwòp tèt li sipò, li marye, oswa li antre nan militè.
- Ou vin gen gad timoun nan. Nan ka sa, yo ka bay lòt paran an lòd pou peye w sipò timoun pou timoun la.
- Ou anmenaje ak paran ki gen gad timoun nan ak fòmè youn sèl fanmi nan kay la ak timoun nan

Menm lè yo sispann òdonans sipò timoun nan, ou ka toujou rete dwe swa paran ki se gadyen timoun nan oswa Depatman Sèvis Sosyal si ou pa t ajou nan pèman ou yo epi si ou te dwe aryere. Pèman an dwe kontinye jiskaske ou fin peye dèt sipò timoun nan.



## ENFÒMASYON KONSÈNAN SIPÒ TIMOUN/ASISTANS AK DOSYE

Si w gen kesyon sou pwogram sipò timoun nan, si w bezwen èd nan dosye pansyon alimantè pou timoun ou an, oswa ou bezwen bay OCSS plis enfòmasyon tankou yon nouvo enstitisyon travay oswa yon chanjman adrès:



Voye yon Imèl bay Sèvis Kliyan Biwo Sèvis Sipò Timoun HRA nan [dcse.cseweb@dfa.state.ny.us](mailto:dcse.cseweb@dfa.state.ny.us).

Metete non konplè ou, Nimewo Idantifikasyon Dosye Pansyon Alimantè pou Timoun nan, ak dat nesans ou. Tanpri byen dekri sijè a epi detaye l nan imèl ou pou anplwaye yo ka ba ou yon repons konplè.



Pran yon randevou nan telefòn ak yon reprezantan Sèvis Kliyan, voye yon imèl pou nou nan [dcse.cseweb@dfa.state.ny.us](mailto:dcse.cseweb@dfa.state.ny.us).

Bay non konplè w, Niwo Idantifikasyon Dosye sipò Timoun nan, ak dat nesans, deskripsyon enkyetid ou(yo), nimewo telefòn, ak pi bon moman pou yo kontakte w. Antre "Mande yon Randevou nan Sèvis Kliyan" nan sijè imèl ou a. Demann randevou nan telefòn yo ap resewa yon repons nan 3 jou ouvab.



Vizite HRA OCSS Customer Service Walk-in Center oswa yon Biwo Tribinal Fanmi. Ou ka jwenn lokal yo nan <https://on.nyc.gov/contactocss>.



Vizite sitwèb HRA OCSS nan <https://nyc.gov/hra/ocss> pou aprann plis sou sèvis sipò timoun.



Rele liy èd Sipò Timoun nan Eta New York la nan **888-208-4485**.



Voye konrepondans pa imèl bay:  
OCSS  
PO Box 830  
Canal Street Station  
New York, NY 10013

## Resous Anliy

Biwo Sèvis Sipò Timoun Vil New York (New York City Office of Child Support Services, OCSS)  
[nyc.gov/hra/ocss](https://nyc.gov/hra/ocss)

Gade videyo pansyon alimantè pou timoun  
[youtube.com/hranyc](https://youtube.com/hranyc)

Biwo Otonomi Finansyè Vil New York  
Konsèy finansyè ak edikasyon gratis  
[nyc.gov/ofe](https://nyc.gov/ofe)

New York State Division of Child Support Services  
Gade enfòmasyon sou kont ou\*  
[childsupport.ny.gov](https://childsupport.ny.gov)

Sistèm Tribinal Inifye Eta New York la  
[nycourts.gov](https://nycourts.gov)

Aplikasyon Mobil Access HRA Sipò Timoun  
<http://www.nyc.gov/childsupportmobile>

# REKONESANS PARAN

LDSS-5171 (Rev. 04/21)

## REKONESANS PARAN

(Tanpri tape oswa ekri kléman ak lèt detache ak lank nwa.)

Distri ki anrejistre \_\_\_\_\_ Kòd Lopital la \_\_\_\_\_ Nimewo rejis \_\_\_\_\_  
 Koche kote ki \_\_\_\_\_  
 ki siyen an:  Lopital  Biwo Pwogram Sipò Timoun Nan  Ofisye Eta Sivil  Lòt \_\_\_\_\_

**Timoun** \_\_\_\_\_  
 Non \_\_\_\_\_ Dezyèm Non \_\_\_\_\_ Siyati \_\_\_\_\_

Sèks \_\_\_\_\_ Dat nesans (MM/DD/YYYY) \_\_\_\_\_  
 Fi  Gason  Pa idantifye ak okenn sèks/lòt \_\_\_\_\_  
 Etablisman kote ou fèt \_\_\_\_\_ Vil Kote ou Fèt \_\_\_\_\_ Konte/Awondisman kote ou fèt \_\_\_\_\_

Si batistè timoun lan te deja depoze epi ou vle chanje non fanmi timoun nan, ranpli seksyon sa a:  
 Siyati ki sou premye batistè a \_\_\_\_\_ Nouvo Siyati \_\_\_\_\_

Nou konprann siyati Rekonesans Paran sa a se yon bagay volontè epi li i ap etabli lyen parantal pitit nou an ak memm fòs ak efè ak yon Lòd Paran yo te jwenn apre yon odyans nan tribinal ki gen ladjan, yon obligasyon pou bay sipò pou pitit nou an. Toutwa, Rekonesans Lyen Parantal sa p ap gen memm fòs ak efè konsènan dwa entaj, sof si yo depoze li devan Ofisye Eta Sivil kote batistè a depoze a. Nou te resevwa avi alekri ak aloral sou dwa legal nou (ansanm ak delè pou anilasyon), responsabite nou, lòt chwa nou gen ak konsekans ki gen nan siyen Rekonesans Lyen Parantal la, epi nou konprann sa avi a endike. Yo te ban nou yon kopi avi alekri a. Nou sèltye enfòmasyon nou bay anba la yo se lavèrite.

**Paran Biyolojik** \_\_\_\_\_  
 Non \_\_\_\_\_ Dezyèm Non \_\_\_\_\_ Siyati \_\_\_\_\_

Adrès ri a \_\_\_\_\_ Etaj/Apatman Vil \_\_\_\_\_ Eta \_\_\_\_\_ Kòd Postal \_\_\_\_\_

Dat nesans (MM/DD/YYYY) \_\_\_\_\_ Nimewo Sekirite Sosyal \_\_\_\_\_ Èske w te marye nan moman nesans lan?  Wi  Non

Mwen dakò ak Rekonesans Lyen Parantal pou pitit mwen an yo site pi wo a epi mwen rekonèt non moun ki pi ba a se sèl lòt paran jenetik posib, oswa se yon paran entansyonèl epi timoun nan te fèt gras ak repwodiksyon asistè.

Siyati \_\_\_\_\_ Dat (jou/mwa/ane) \_\_\_\_\_

Seksyon Temwen an (De temwen obligatwa; temwen pa pa ka gen lyen ak okenn paran)	Siyati temwen an _____	Non Temwen an ak lèt detache _____	Dat (jou/mwa/ane) _____
	Siyati temwen an _____	Non Temwen an ak lèt detache _____	Dat (jou/mwa/ane) _____

**Lòt Paran** \_\_\_\_\_  
 Non \_\_\_\_\_ Dezyèm Non \_\_\_\_\_ Siyati \_\_\_\_\_

Adrès ri a \_\_\_\_\_ Etaj/Apatman Vil \_\_\_\_\_ Eta \_\_\_\_\_ Kòd Postal \_\_\_\_\_

Vil Kote ou Fèt \_\_\_\_\_ Eta/Pwovens kote timoun nan fèt \_\_\_\_\_ Peyi kote ou fèt \_\_\_\_\_

Dat nesans (MM/DD/YYYY) \_\_\_\_\_ Nimewo Sekirite Sosyal \_\_\_\_\_ Èske w se papa jenetik/biyolojik timoun nan?  Wi  Non

Mwen rekonèt mwen se paran jenetik oswa entansyonèl timoun ki gen non li anlà a.

Siyati \_\_\_\_\_ Dat (jou/mwa/ane) \_\_\_\_\_

Seksyon Temwen an (De temwen obligatwa; temwen pa pa ka gen lyen ak okenn paran)	Siyati temwen an _____	Non Temwen an ak lèt detache _____	Dat (jou/mwa/ane) _____
	Siyati temwen an _____	Non Temwen an ak lèt detache _____	Dat (jou/mwa/ane) _____

**For Official Use Only** \_\_\_\_\_

The above Acknowledgment of Parentage is hereby filed with the \_\_\_\_\_ registrar on \_\_\_\_\_

If this document is to amend a birth certificate, I certify that I have examined the original record this seeks to amend and the information on this document matches. There are no omissions or apparent errors that render it unacceptable for amending the birth record. This document is therefore approved.

State Registrar/Deputy City Registrar signature \_\_\_\_\_ Date (MM/DD/YYYY) \_\_\_\_\_

LDSS-5171 (Rev. 04/21)

New York State Office of Temporary and Disability Assistance  
 New York State Department of Health  
 Pursuant to Section 4135-b of Public Health Law

**Paran Biyolojik** \_\_\_\_\_  
 Non \_\_\_\_\_

Adrès ri a \_\_\_\_\_

Etaj/Apatman Vil \_\_\_\_\_ Eta \_\_\_\_\_ Kòd Postal \_\_\_\_\_ Adrès postal paran biyolojik la dwe endike isit la

**Lòt Paran** \_\_\_\_\_  
 Non \_\_\_\_\_

Adrès ri a \_\_\_\_\_

Etaj/Apatman Vil \_\_\_\_\_ Eta \_\_\_\_\_ Kòd Postal \_\_\_\_\_ Adrès postal Lòt paran an dwe endike isit la

**Donatè Gamèt (si sa aplikab)** \_\_\_\_\_  
 Non \_\_\_\_\_

Adrès ri a \_\_\_\_\_

Etaj/Apatman Vil \_\_\_\_\_ Eta \_\_\_\_\_ Kòd Postal \_\_\_\_\_ Adrès postal donatè gamèt la dwe endike isit la

# EGZANP LÒD SIPÒ TIMOUN

Nimewo Rejis: F-XXXXX-XX  
4-7

PATI  
A

F.C.A. §§ 413, 416, 433, 438,  
439, 440, 442-447, 471; Art.5-B;

Lwa Tribinal  
Fanmi ki  
kontwole  
odyans  
tribinal la

4-7 11/2002 Nimewo fòm ak dat piblikasyon

Dapre kondisyon Tribinal Fanmi Eta New  
York, ki te fèt nan Konte Richmond e  
pou Konte a, nan 100 Richmond Terrace,  
Staten Island, NY 10301, le 4 oktòb 2004

Adrès tribinal la  
ak dat odyans  
lan

PATI  
B

**PREZAN:** Tribinal ki Okiye Zafè Fanmi,  
Jij Sipò Nan Zafè yon Pwosè pou Sipò

**Paran K ap Viv Avèk Timoun Nan,**  
SSN: XXX-XX-XXXX,

Demandè a,

– kont –

**Paran Ki Pa Responsab Legal La,**  
SSN: XXX-XX-XXXX,

Defandè a.

**Nimewo Dosye:** XXXXX

**Nimewo Rejis:** F-XXXXX-XX

**Nimewo CSMS:**  
XXXXXXXXXX

Enfòmasyon ki  
identifye sipò timoun  
nan ak tribinal la

**LÒD SIPÒ**

Kalite lòd la

Pati ki konsène yo

Suit  
PATI E

Non  
Timoun yo  
Timoun

Nimewo Sekirite Sosyal

Dat Nesans

Montan

XX/XX/XXXX  
Total Sipò Timoun:

\$XX.XX chak semèn

ÒDONE pou moun k ap peye a, moun k ap viv ak timoun nan ak nenpòt lòt pati endividyèl avèti  
Inite Kolek Sipò touswit si gen nenpòt chanjman nan enfòmasyon sa yo: adrès rezidansyèl ak postal,  
nimewo sekirite sosyal, nimewo telefòn, nimewo lisans chofè; ak non, adrès ak nimewo telefòn travay  
pati yo ak nenpòt chanjman nan avantaj asirans sante, ansanm ak nenpòt anilasyon avantaj, chanjman  
nan konpayi avantaj asirans sante oswa nan pri asirans sante, oswa limit ak disponiblite avantaj ki deja  
egziste oswa nouvo avantaj; epitou li

Avi pou  
enfòmè Ajans  
lan pou nenpòt  
chanjman nan  
kote ou abite,  
chanjman  
travay,  
elatriye.

ÒDONE Lòd sa a dwe aplike dapre Seksyon 5241 oswa 5242 nan Lwa ak Règleman Pratik Sivil, oswa  
nan nenpòt lòt fason lalwa prevwa; epitou li

ÒDONE pou **Paran ki pa Responsab Legal la** peye depans anplis nan fason sa:  
Depans/Benefisyè Pèman Peyab  
Sante ki gen Rapò ak Ka a ki pa Ranbouse/  
**Paran K ap Viv Avèk Timoun nan** XX % Atravè SCU  
Gadri/  
**Paran K ap Viv Avèk Timoun nan** XX % Dirèkteman

Depans anplis montan  
debas sipò timoun lan:  
• Medikal  
• Gadri  
• Edikasyon

PATI  
C

AVI: SI W PA RESPEKTE LÒD SA A VOLONTÈMAN, SA KAPAB LAKOZ OU PRAN PRIZON KÒM  
KRIMINÈL KI PA BAY SIPÒ OSWA POU MEPRI. SI W PA RESPEKTE LÒD SA A, SA KA LAKOZ  
SISPANSYON LISANS CHOFÈ OU, LISANS PWOFEYONÈL, KOMÈSYAL, LISANS BIZNIS AK  
LISANS OKIPASYONÈL ETA A BAY, AK LISANS OSWA PÈMI POU LWAZI AK ESP; AK METE  
DWA SEZI SOU PWOPRIYETE IMOBILYE OSWA PWOPRIYETE PÈSONÈL OU.

Depoze yon  
kontestasyon

OU KAPAB SOUMÈT KONTESTASYON ALEKRI PRESI POU LÒD SA A NAN 30 JOU OPLITA APRE  
DAT OU TE RESEVWA LÒD NAN TRIBINAL OSWA APRE YO TE REMÈT OU LI PÈSONÈLMAN,  
OSWA SI OU TE RESEVWA LÒD PA LAPÒS, NAN 35 JOU OPLITA APRE DAT YO TE VOYE LÒD LA.

Petisyonè non l mansyone anwo a te depoze yon petisyon nan Tribinal sa a nan dat 22 jen 2004, ki  
deklare **Paran ki pa Responsab Legal la** dwe peye sipò timoun pou:

**Non**  
**Non Timoun nan**

**Dat Nesans**  
XX/XX/XXXX

**Etdandone Paran ki pa Responsab Legal la** te parèt devan Tribinal sa a pou reponn petisyon an,  
etandone Tribinal la te fè li konnen dwa pou li gen avoka, ak pou montre poukisa yo pa ta dwe akòde  
lòd sipò ak lòt reparasyon yo mande nan petisyon an; epi etandone **Paran ki pa Responsab Legal la**  
admèt akizasyon ki nan petisyon an; epi Tribinal sa a te tandè kòm sadwa zafè ki devan li;

PATI  
D

KOUNYE A, apre egzamen ak ankèt sou enfòmasyon ak sikonstans zafè a epi apre li fin tandè prèv ak  
temwayaj ki bay ki konsène zafè sa a, Tribinal la konstate: **Paran ki pa gen lagad la** se pati ki pa gen  
lagad la, ki gen yon kotizasyon pwopòsyonèl nan obligasyon sipò timoun ki se \$XX.XX chak semèn  
pou timoun sa a:

**Non Timoun nan** **Dat Nesans** **Nimewo Sekirite Sosyal**

Epi Tribinal la konstate tou: Kotizasyon pwopòsyonèl pati ki pa gen lagad la nan obligasyon sipò  
timoun lan pa ni enjis ni depaman;

Paran ki pa Responsab Legal la p ap travay nan moman kounye a; **Kondisyon travay paran ki pa  
responsab legal la**  
KOUNYE A, apre egzamen ak ankèt sou enfòmasyon ak sikonstans zafè a epi apre li fin tandè prèv ak  
temwayaj ki bay ki konsène zafè sa a, li

PATI  
E

ÒDONE AK DEKLARE, apati 28 janvye 2005, yo kapab fè **Paran ki pa Responsab Legal la** peye sipò  
moun pou moun sa a (yo) epi li posede ase kapasite pou jwenn mwayen pou bay peman nan montan  
\$XX.XX chak semèn bay **Paran K ap Viv avèk Timoun** nan pa mwayen chèk sètifye oswa chèk postal yo ka  
peye nan Support Collection Unit (Inite Koleksyon Sipò), epi peman sa yo dwe kòmanse nan dat 28 janvye  
2005, pou sipò timoun **Paran ki pa Responsab Legal la** la, epi alokasyon yo ap fèt nan fason sa a:

Dat lòd  
sipò  
timoun  
nan antre  
anvigè  
(Dat ou an  
ap diferan)

Moun ki pral resevwa peman yo pou sipò timoun nan

**Koche ti kare ki aplike a:**

Yo te voye lòd la pa lapòs nan dat [presize dat la (yo) ak ba kimoun yo te voye li]: \_\_\_\_\_  
 Yo te voye lòd la nan tribinal la nan dat [presize dat la (yo) ak bay kimoun yo te voye li]: \_\_\_\_\_

PATI  
F

EPITOU, LI ÒDONE pou yo voye tout peman ki peyab atravè Inite  
Koleksyon Sipò a nan kourye lapòs nan: Support Collection Unit, PO Box 15363,  
Albany, NY 12212- 5363;

Ki kote pou w voye peman yo  
jiskaske yo soti nan travay ou

EPITOU LI ÒDONE pou Inite Koleksyon Sipò bay yon kopi lòd sa a san pèdi tan nan Rejis Dosye Eta  
New York pou Lòd Sipò Timoun yo mete anplas dapre Seksyon 111-b(4-a) nan Lwa sou Sèvis Sosyal;  
epitou li ÒDONE ke se yon montan \$XX pa semèn ki gen pou lòd sipò a, kòmanse 10/8/04 jiskaske li  
ogmante nan dat 1/28/05.

Rezime  
konklizyon  
tribinal la

PATI  
G

**NÒT:** (1) YO DWE AJISTE LÒD SIPÒ TIMOUN SA A POU APLIKE SOU LI YON AJISTEMAN  
KOU DLAVI DAPRE DIREKTIV INITE KOLEKSYON SIPÒ A PA PI BONÈ PASE VENN KAT MWA  
APRE YO FIN BAY LÒD SA A, APRE DÈNYE MODIFIKASYON OSWA DÈNYE AJISTEMAN LI, SOU  
DEMANN NENPÒT NAN PATI YO KI NAN LÒD LA OSWA DAPRE PARAGRAF (2) KI ANBA A. LÈ  
YO FIN APLIKE YON AJISTEMAN DAPRE KOU DLAVI DAPRE DIREKTIV INITE KOLEKSYON SIPÒ  
A, Y AP VOYE YON LÒD AJISTE BAY PATI YO EPI, SI PATI YO KONTESTE AJISTEMAN DAPRE  
KOU LAVI A, YO DWE GEN TRANSENK (35) JOU APATI DAT YO VOYE AJISTEMAN AN POU  
SOUMÈT YON KONTESTASYON ALEKRI NAN TRIBINAL KI ENDIKE SOU LÒD AJISTE A. LÈ LI FIN  
RESEVWA KONTESTASYON ALEKRI A, TRIBINAL LA DWE PREVWA YON ODYANS KOTE PATI YO  
KA PREZANTE POU BAY PRÈV POU TRIBINAL LA KONSIDERE NAN AJISTEMAN LÒD SIPÒ TIMOUN  
LAN ANNAKÒ AVÈK LWA SOU NÒM POU SIPÒ TIMOUN.

Ajisteman  
pou Depans  
Chak Jou yo  
(COLA)

(2) YON BENEFISYÈ ÒD POU FANMI AP GEN YON LÒD SIPÒ TIMOUN KI REVIZE AK AJISTE DAPRE  
DIREKTIV INITE KOLEKSYON SIPÒ PA PI BONÈ PASE VENN KAT MWA APRE YO FIN BAY LÒD  
LA, APRE DÈNYE MODIFIKASYON OSWA DÈNYE AJISTEMAN LÒD LA SAN OKENN NAN PATI  
YO PA FÈ PLUS APLIKASYON. TOUT MOUN KI KONSÈNE YO AP RESEVWA YO AVI SOU REZILTA  
AJISTEMAN AN.

(3) LÈ YON PATI NEGLJE FOUNI, AK NEGLJE BAY DÈNYE ENFÒMASYON SOU NENPÒT  
CHANJMAN NAN INITE KOLEKSYON SIPÒ AVÈK YON BON ADRES KOTE YO KA VOYE YON LÒD  
AJISTE, DAPRE EGZIJANS SEKSYON 443 NAN LWA TRIBINAL FANMI, MONTAN OBLIGASYON  
SIPÒ KI NAN DOKIMAN AN VIN EGZIJIB EPI PATI A DWE LI NAN DAT PREMYE PÈMAN AN TE DWE  
FÈT DAPRE KONDISYON KI NAN LÒD SIPÒ REVIZE AK AJISTE A KI RIVE NAN DAT ANTRE ANVIGÈ  
OSWA APRE DAT LÒD LA ANTRE ANVIGÈ KIT WI OU NON PATI A TE RESEVWA YON KOPI LÒD  
AJISTE A.

**Dat:** 4 oktòb 2004

DAPRE JIJMAN  
Tribinal Ki Okiye Zafè Fanmi, Jij

Non ak so  
Jij Sipò a

**Sipò**

**Koche ti kare ki aplike a:**

Yo te voye lòd la pa lapòs nan dat [presize dat la (yo) ak ba kimoun yo te voye li]: \_\_\_\_\_  
 Li te resevwa lòd la nan tribinal nan dat [endike dat la (yo) ak ki moun yo te bay li]: \_\_\_\_\_

## GLOSÈ TÈM SIPÒ TIMOUN

### A

**AFIDAVIT DEKLARASYON FINANSYE:** Dokiman yo bay toude pati ki nan yon dosye sipò timoun, pou mande enfòmasyon an detay sou finans, salè, ak depans; tribinal la itilize li pou pran desizyon sou sipò timoun, sipò medikal, gadri ak lòt pati nan lòd sipò timoun nan.

**AJISTEMAN POU DEPANS CHAK JOU YO (Cost of Living Adjustment, COLA):** Ogmantasyon yon lòd sipò timoun, san yon odyans tribinal. COLA baze sou chanjman nan Endèks Pri Konsomatè pou Zòn Iben yo (CPI-U), ki suiv depans pou viv tankou manje, rad, lojman, elatriye.

**AKIMILASYON:** Sòm pèman sipò timoun ki anreta. (Ale gade "Areyaj" tou).

**ALOKASYON Lòd SIPÒ TIMOUN:** Lòd ki enimerè kantite lajan yo dwe peye pou chak timoun.

**ANGAJMAN FINANSYE:** Nan rezilta yon odyans tribinal, yon paran ki pa gen lagad ka resevwa lòd pou peye yon depo lajan kach nan Inite Koleksyon Sipò OCSS pou jiska twa ane pèman sipò timoun. Yo kapab pran pèman yo nan depo sa a si paran ki pa gen gad la pa peye sipò yo regilyèman.

**ANILE YON Lòd:** Mete fen a obligasyon ki gen nan moman an; dat fen yon lòd sipò timoun efektivman. Ou dwe peye aryere yo kanmenm.

**ANILE YON Lòd:** Mete sou kote yon lòd anvan, tankou si li pa te janm egziste.

**ARYERE:** Montan sipò timoun ki anreta epi ki pa peye.

**ASISTANS FINANSYE:** Avantaj leta ki bay sipò finansye pou moun ak fanmi ki gen revni fèb, HRA (Administrasyon Resous Imèn) administre nan Vil New York. Yo bay kliyan yo asistans finansye la sou fòm elektwonik nan yon Transfè Elektwonik Avantaj (Electronic Benefit Transfer, EBT).

**ASISTANS MEDIKAL SÈLMAN (MEDICAL ASSISTANCE ONLY, MAO) OSWA MEDICAID SÈLMAN:** Fòm asistans piblik ki bay benefisyè yo avantaj sou fòm medikal sèlman, olye èd lajan.

**AVI SIPÒ MEDIKAL NASYONAL (NATIONAL MEDICAL SUPPORT NOTICE, NMSN):** Avi yo voye bay travay paran ki pa gen lagad la ki egzije pou bay pwoteksyon asirans sante, si gen ki disponib.

### B

**BENEFISYÈ:** Moun oswa òganizasyon ki resevwa lajan sipò ak/oswa avantaj asistans piblik, ansanm ak asistans finansye, SNAP, Medicaid, elatriye.

**BENEFISYÈ:** Moun oswa òganizasyon yo peye lajan sipò timoun nan non yo, pa egzanp grann timoun nan.

**BIWO SÈVIS SIPÒ TIMOUN:** Divizyon nan Administrasyon Resous Imèn ki responsab pou jwenn ak egzekite lòd sipò timoun pou fanmi k ap viv nan Vil New York.

### C

**CHAJ POU BAY PRÈV:** Devwa yon pati genyen pou bay plis prèv sou yon pwen ki nan diskisyon.

**CHANJMAN BENEFISYÈ:** Bay otorizasyon voye pèman prive sipò timoun nan OCSS pou tretman, konsèvasyon dosye, distribisyon, ak egzekisyon.

**CHANJMAN SIKONSTANS:** Chanjman sanzatann nan sitiyasyon finansye paran ki pa gen lagad la akòz blesi, maladi oswa pèt travay toudenkou ki afekte kapasite pou li peye sipò timoun tribinal òdone; motif pou depoze yon modifikasyon nan tribinal pou bese sipò a.

### D

**DEBOUSMAN:** Vèsman lajan sipò timoun yo kolekte epi yo bay paran k ap viv ak timoun nan oswa Depatman Sèvis Sosyal si kliyan an ap resevwa asistans lajan kach.

**DEFANDÈ:** Moun ki reponn petisyon an; se kèlkeswa pati yo depoze petisyon pou reparasyon kont li a.

**DEKLARASYON SOU SÈMAN, AFIDAVIT:** Deklarasyon alekri sou enfòmasyon, ki fèt volontèman sou sèman.

**DEKRÈ:** Desizyon jidisyè yon tribinal.



**DEMANDÈ:** Moun oswa òganizasyon ki depoze yon demann ofisyèl pou kòmanse yon aksyon lajistis.

**DEPANDAN:** Yon timoun ki soukont yon lòt moun pou okipe li. Pifò timoun ki kalifye pou sipò timoun se depandan yo ye.

**DETAY SOU SA KI TE PASE:** Nòt ak kalkil Jij Sipò a itilize nan mizanplas yon lòd sipò timoun.

**DOSYE ENTÈ-ETA:** Dosye kote timoun depandan an ak paran ki pa gen lagad la ap viv nan eta diferan epi kote toude eta yo ap patisipe nan aktivite dosye sipò timoun lan, tankou konfimasyon oswa egzeksyon.

## E

**EGZEKISYON SOU PWOPRIYETE (PROPERTY EXECUTION, PEX):** Pwosis administratif Biwo Sèvis Sipò Timoun (OCSS) itilize pou sezi byen finansye, anjeneral kont labank, yon paran ki pa responsab legal ki anreta sou pèman sipò timoun nan.

**EGZEKISYON:** Aplikasyon solisyon pou jwenn peman yon obligasyon sipò timoun oswa sipò medikal ki genyen nan yon lòd sipò timoun. Egzanp solisyon yo gen ladan sezi byen, sispansyon lisans chofè, refize bay paspò Ameriken, elatriye.

**EMANSIPE, VIN MAJÈ:** Yon timoun p ap viv avèk paran li yo epi li gen yon sous revni, oswa li nan militè, oswa li marye.

**Endèks Pri Konsomatè pou Zòn Iben yo (Consumer Price Index for All Urban Consumers, CPI-U):** Li suiv pri atik tankou manje, rad ak lojman chak ane. Ajisteman pou Depans Chak Jou yo (Cost of Living Adjustments, COLAs) baze sou chanjman ki fèt chak ane nan CPI-U a.

**ENTÈSEPSYON LOTRI:** Pwosis ki pèmèt yo sa paran ki pa gen lagad la genyen nan lotri bay Biwo Sèvis Sipò Timoun pou satisfè obligasyon sipò ki depase delè.

**ENTÈSEPSYON:** Metòd pou garanti sipò timoun gras a yon pòsyon yo pran nan pèman ki pa salè yon paran ki pa responsab legal la resevwa. Pèman ki pa salè ki ka sibi entèsepsyon gen ladan ranbousman taks ak sa moun nan genyen nan lotri.

**ESTIPILASYON:** Akò alekri pati yo sou kote opoze nan yon zafè.

## G

**GAD:** Desizyon legal ki konfime ak ki moun timoun lan dwe viv: manman, papa, oswa lòt granmoun.

## I

**INITE REKOUVREMAN SIPÒ TIMOUN (SUPPORT COLLECTION UNIT, SCU):** Divizyon nan Biwo Sèvis Sipò Timoun ki responsab fè koleksyon, siveyans ak debousman peman sipò timoun yo.

## J

**JIJ SIPÒ:** Avoka, Tribinal Fanmi lokal la nonmen, ki kapab tande temwayaj ak pran desizyon pou dosye sipò timoun.

**JIJMAN LAJAN:** Montan aryere presi Jij Sipò a fikse, nan yon jijman ofisyèl, ki akimile 9% enterè chak ane. Ou ka depoze yon jijman lajan nan Biwo Grefye Konte a.

**JIJMAN:** Desizyon ofisyèl oswa konklizyon yon Jij oswa yon Jij

**JIRIDIKSYON KONKIRAN:** Yon lòd ki pèmèt plis pase yon tribinal pran desizyon sou yon lòd sipò timoun ak modifiye li. Sa ka rive ant Kou Siprèm ak Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi nan Eta New York.

**JIRIDIKSYON:** Otorite legal yon tribinal oswa ajans administratif gen sou sèten moun ak sou sèten kalite dosye, nan yon zòn jewografik byen presi anjeneral.

## K

**KONFIMASYON:** Pwosis pou pwouve patènite ak/oswa pou jwenn yon lòd tribinal pou mete yon obligasyon sipò timoun anplas.

**KONPANSASYON AK RANBOUSMAN TAKS:** Pwosis yo itilize pou pran ranbousman taks federal oswa taks Eta yon paran ki pa responsab legal pou peye yon dèt sipò timoun.

**KONPETANS BRA LONG:** Dispozisyon legal ki pèmèt yon Eta reklame konpetans pèsònèl sou yon moun ki abite nan yon lòt Eta.

**KONTESTASYON:** Reklamasyon alekri, ki an dezakò ak pwen presi ki nan yon lòd. Ou dwe depoze li nan 30 jou oplita apre ou resevwa lòd la.

**KONVOKASYON:** Avi ki endike yo kòmanse yon aksyon kont benefisyè a. Yon konvokasyon pou yon odyans sipò timoun ap di paran an kikote ak kilè pou li prezante, ak ki enfòmasyon li dwe pote.

**KOTIZASYON PWOPÒSYONÈL (PRO RATA SHARE):** Pòsyon montan total chak paran dwe peye pou atik ki nan lòd sipò timoun lan tankou gadri oswa depans medikal ki pa ranbouse.

## L

**LÒD FILYASYON:** Lòd tribinal ki konfime yon papa legal.

**LÒD PA DEFO:** Lòd sipò timoun yo mete anplas lè paran ki pa gen lagad timoun lan pa bay ase enfòmasyon oswa li pa parèt nan tribinal, epi gen prèv yo te remèt li konvokasyon an ofisyèlman.

**LÒD PÈMAN DIRÈK:** Paran ki pa responsab legal la ka peye paran k ap viv ak timoun nan lòd sipò timoun lan dirèkteman.

**LÒD POU KENBE REVNI (INCOME WITHHOLDING ORDER, IWO):** Pwosesis administratif ki pèmèt yo dedui yon pèman sipò timoun dirèkteman nan salè oswa nan lòt revni paran ki pa responsab legal la epi voye l nan Inite Koleksyon Sipò Timoun. Yo ka rele li tou dediksyon salè, sezi, oswa dediksyon pewòl.

**LÒD PWOTEKSYON:** Lòd tribinal ki entèdi kontak/kominikasyon yon pati ak yon lòt pati.

**LÒD SIPÒ:** Lòd tribinal bay pou mete anplas obligasyon sipò timoun. Lòd sipò yo ka tanporè oswa final epi yo ka sibi modifikasyon. Lòd sipò yo gendwa gen ladan yo sipò lajan ak sipò medikal, gadri, frè edikasyon, ak peman aryere, enterè, penalite, ak lòt fòm reparasyon.

**LÒD SOU KONSANTMAN:** Lòd toude pati nan yon aksyon antann sou li. Nan yon odyans pou sipò timoun, paran yo ka antann yo sou yon montan lòd ki diferan ak machaswiv Lwa sou Nòm pou Sipò Timoun yo.

**LÒD TRIBINAL:** Dokiman obligatwa sou plan legal yon tribinal la bay. Yon lòd tribinal anrapò ak sipò timoun ap gen ladan konbyen fwa, konbyen, pou konbyen tan ak ki kalite sipò paran ki pa gen lagad timoun lan dwe peye ak si yon travay dwe kenbe sipò nan salè li.

**LÒD:** Lòd yon Jij Sipò oswa yon jij ekri ak siyen.

**LOKALIZE:** Pwosesis yo itilize pou jwenn yon paran ki pa gen gad timoun, dekwa pou yo konfime patènite a epi mete anplas ak/oswa fè respekte yon obligasyon sipò timoun.

**Lwa Inifye sou Sipò Fanmi Ant-Eta (Uniform Interstate Family Support Act, UIFSA):** Lwa federal pibliye nan ane 1996 pou fasilite pwosesis pou resevwa pèman sipò timoun atravè fwontyè Eta yo. Li mande pou Eta yo kolabore youn ak lòt pou jwenn ak fè respekte lòd sipò timoun; li pèmèt eta yo adopte retrè dirèk nan revni avèk travay yo nan lòt Eta yo; li anpeche yo mete anplas plizyè lòd sipò timoun pou yon menm ka nan eta ki diferan.

**LWA SIPÒ POU FANMI:** Lwa ki te pase nan ane 1988 ki egzije pran lòd sipò timoun dirèkteman nan salè epi ki oblije Eta yo itilize machaswiv pou pran desizyon sou montan sipò pou chak fanmi.

**LWA SOU NÒM POU SIPÒ TIMOUN (CHILD SUPPORT STANDARDS ACT, CSSA):** Lwa ki adopte nan ane 1989 pou fè lòd sipò timoun yo jis epi menm jan nan tout Eta New York gras ak fòmil pou kalkile lòd sipò timoun debaz yo vin fè ki menm jan tout kote.

**LWA SOU PWOTEKSYON KREDI KONSOMATÈ (CONSUMER CREDIT PROTECTION ACT, CCPA):** Lwa federal ki limite kantite lajan yo ka kenbe nan sa ou touche; li konsidere: revni nèt apre yo fin pran taks obligatwa yo, montan aryere ou dwe yo, ak si w gen yon lòt fanmi anplis w ap bay sipò lajan.

## M

**MONTAN ANPLIS (Yo Rele l Tou Ajoute Montan):** Montan lajan yo dwe peye gras ak egzekisyon revni anplis de obligasyon tribinal la te bay lòd pou ranbouse dèt sipò timoun nan.

**MONTAN OBLIGASYON:** Montan sipò timoun paran ki pa gen gad la oblije peye. .

## N

**Nimewo Idantifikasyon Pèsonèl (Personal Identification Number, PIN):** Nimewo idantifikasyon inik yo mete pou kliyan yo pou yo jwenn aksè nan enfòmasyon kont sipò timoun yo nan sit entènèt sipò timoun Eta New York la ([childsupport.ny.gov](http://childsupport.ny.gov)) ak nan Liy Èd (888-208-4485).

**NIMEWO REJIS:** Nimewo tribinal la bay yon dosye pou idantifye li.

**NIVO POVRETE:** Nivo revni yo konsidere ki twò ba pou achte sa ki nesèsè pou lavi selon gouvènman federal la. Nivo povrete a pou 2021 pou yon sèl moun se \$12,880. Pou chak moun anplis nan fanmi an, yo ajoute \$4,540. Depatman Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U.S. Department of Health and Human Services) pibliye nivo povrete a chak ane sou [aspe.hhs.gov/poverty-guidelines](https://www.aspe.hhs.gov/poverty-guidelines).

**NOTARYE:** Pou sètifye yon bagay, tankou yon siyati, sou yon dokiman legal kòm otantik oswa lejitim pa mwayen yon so ak siyati yo mete sou li.

**NUNC PRO TUNC:** Ekspresyon laten ki siyifi 'kounye a pou avan – li vle di chanje dat nan yon lòd, yon jijman, oswa depo yon dokiman, pou fè li tounen nan yon dat anvan.

## O

**OBLIGASYON SIPÒ TIMOUN DEBAZ:** Montan lòd sipò timoun ki baze sou yon pousantaj fiks nan revni paran yo, anvan yo ajoute sipò medikal ak depans pou gadri, ak/oswa frè pou edikasyon.

**ODYANS:** Pwosedi legal ki fèt devan yon jij. Jij nan yon odyans sipò timoun rele yon Jij Sipò.

## P

**PA FÈ PÈMAN VOLONTÈMAN:** Paran ki pa responsab legal la fè espere li pa peye sipò timoun tribinal la òdone li a menmsi li gen mwayen pou peye l.

**PAPA LEGAL:** Gason lalwa rekonèt kòm paran maskilen yon timoun. Pou yo kapab rekonèt yon moun kòm papa legal, yo dwe konfime patènite a si paran yo pa marye.

**PARAN ABSAN:** Moun ki absan nan kay la, epi ki responsab sou plan legal pou bay sipò finansye pou yon timoun depandan (yo rele l tou paran ki pa responsab legal, paran non-rezidan, ak defandè nan zafè tribinal).

**PARAN K AP VIV AVÈK TIMOUN NAN (CUSTODIAL PARENT, CP):** Paran, fanmi, oswa responsab legal ki abite avèk timoun nan oswa timoun yo epi ki se moun prensipal k ap okipe timoun lan oswa timoun yo.

**PARAN KI PA GEN GAD (NONCUSTODIAL PARENT, NCP):** Paran ki p ap viv avèk yon timoun minè epi ki pa moun prensipal k ap okipe timoun nan.

**PATÈNITE OSWA LYEN PARANTAL:** Detèminasyon legal patènite. Yo dwe konfime patènite a anvan yo kapab bay lòd pou sipò timoun oswa pou sipò medikal.

**PATI:** Moun oswa òganizasyon ki patisipe dirèkteman nan yon zafè legal.

**PÈMAN ANRETA:** Yon montan ou dwe nan yon dosye sipò timoun men ou pa peye l.

**PÈMAN BONIS:** Benefisyè asistans lajan kach ki gen lòd sipò timoun ka resevwa jiska \$100 pa mwa (\$200 si gen de (2) oswa plizyè timoun k ap resevwa sipò timoun) nan sipò timoun yo kolekte nan menm mwa sipò a dwe peye a. (Gade nan Pèman Sipleman tè tou).

**PÈMAN SIPLEMANTÈ:** Benefisyè asistans finansye ki gen lòd sipò timoun ka resevwa jiska \$100 pa mwa (\$200 si gen de (2) oswa plizyè timoun k ap resevwa sipò timoun) nan sipò timoun yo kolekte nan menm mwa sipò a dwe peye a; yo rele l tou pèman bonis.

**PETISYON PATÈNITE (OSWA PETISYON LYEN PARANTAL):** Aplikasyon ofisyèl alekri nan yon tribinal ki mande aksyon lajistis pou detèmine patènite legal yon gason prezizeman pou yon timoun byen presi.

**PETISYON POU MODIFIKASYON:** Aplikasyon ofisyèl alekri nan yon tribinal ki mande yon chanjman nan yon lòd sipò timoun ki egziste deja.

**PETISYON:** Demann ofisyèl alekri nan yon tribinal pou kòmanse yon aksyon lajistis.

**PEYÈ:** Moun ki fè yon pèman, anjeneral yon paran ki pa responsab legal oswa yon lòt moun k ap aji nan non li. Yo rele li yon debite tou.

**POU TÈT OU (PRO SE):** Ekspresyon laten ki siyifi "pou tèt ou"; yon moun ki reprezante pwòp tèt li nan tribinal san yon avoka.

**PWOGRAM SIPÒ PA MWAYEN TRAVAY (Support Through Employment Program, STEP):** Li ofri fòmasyon ak plasman pou paran ki pa responsab legal yo epi ki pa kapab peye sipò timoun paske yo p ap travay oswa yo nan yon travay ki peye tikras kòb. Yo ka fè referans pou STEP nan odyans sipò timoun nan.

**PWOSESIS ADMINISTRATIF:** Metòd OCSS itilize pou fè respekte lòd sipò olye pou se tribinal ak jij ki fè li.

## R

**RANVWA AVÈK PREJIDIS:** Yo jwenn enfòmasyon ki nan yon petisyon pa gen okenn baz epi tribinal la rejte dosye a nèt. Pa egzanp: ADN pwouve se pa defandè a ki paran byolojik la.

**RANVWA SAN PREJIDIS:** Yo rejte petisyon an kounye a, men yo ka tounen sou li nan yon dat annapre nan tribinal. Pa egzanp, yo pa remèt konvokasyon an ofisyèlman.

**RAPÒTE NOUVO ANBOCHAJ:** Pwogram ki egzije pou tout travay rapòte anplwaye ki fenk anboche yo nan Anyè Eta New York pou Nouvo Anbochaj pou egzekisyon obligasyon sipò timoun ak sipò medikal pa mwayen dediksyon nan salè.

**REJIS MOUN KI KONSIDERE KÒM PAPA ANJENERAL (PUTATIVE FATHER REGISTRY, PFR):** Dosye papa yo konsève nan Eta New York. Egzanp dokiman yo konsève nan PFR se Rekonesans Parantaj (Acknowledgments of Parentage, AOP), lòd tribinal ki konfime patènite, ak deklarasyon ki pa obligatwa sou plan legal konsènan patènite oswa parantaj. Yo ka konsilte PFR la pou kesyon eritaj, adopsyon, ak nenpòt lòt kesyon legal ki mande pou enfòmè papa yon timoun.

**REKONESANS PATÈNITE (ACKNOWLEDGMENT OF PARENTAGE, AOP):** Fòm ki konfime papa (patènite legal) yon timoun pa mwayen yon pwosesis volontè, san li pa ale nan tribinal. Toulede paran yo dwe ranpli l epi siyen l.

**RESIPWOSITE:** Relasyon kote yon Eta oswa yon peyi akòde sèten privilèj pou lòt eta oswa pou lòt peyi akondisyon yo resevwa menm privilèj yo.

**RETRÈ NAN SALÈ:** Dediksyon otomatik nan revni ki kòmanse imedyatman yo voye yon avi Egzekisyon sou Revni (Income Execution) bay travay la.

**REVNI KI A DISPOZISYON W:** Montan revni ki rete apre yo fin pran taks ak dediksyon Medicare ak FICA ak pèman plan pansyon.

**REVNI:** Nenpòt fòm pèman regilye yo bay yon moun, kèlkeswa sous la, san gade sou salè, komisyon, bonis, asirans chomaj, konpansasyon travayè, andikap, pansyon, oswa enterè. Yo pa konsidere avantaj asistans finansye ak SSI kòm revni.

**REZÈV POU MOUN PRAN SWEN TÈT YO:** Faktè nan kalkil sipò timoun nan Eta New York lè youn nan paran yo nan nivo povwete a oswa toupre; rezèv pou moun pran swen tèt li se 135% nan nivo povwete federal la. Rezèv pou moun pran swen tèt yo an 2021 se \$17,388.

**REZON VALAB:** Rezon legal ki fè yon moun k ap aplike oswa k ap resevwa asistans lajan kach jwenn dispans pou kowopere ak sipò timoun.

## S

**SANKSYON:** Penalite pou vyolasyon oswa mank koperasyon. Nan OCSS, li vle di yon rediksyon yo mete nan avantaj èd lajan kach yon kliyan paske li pa respekte egzijans sipò timoun yo.

**SANT TRAVAY:** Kote pou moun k ap chèche asistans lajan kach ale. Li bay aksè souplas pou chèche travay, fòmasyon, epi plasman ak avantaj tankou Medicaid ak SNAP oswa kupon pou manje. OCSS resevwa referans ki soti nan Sant Travay yo pou kliyan ki oblije kolabore avèk pwogram sipò timoun nan.

**SÈVIS FEDERAL POU LOKALIZE PARAN (FEDERAL PARENT LOCATOR SERVICE, FPLS):** Sèvis rezo nasyonal lokalizasyon ki ede Eta yo jwenn kikote yon paran ki pa gen lagad ye gras a enfòmasyon yo fè koresponn nan bazdone; FPLS kapab bay enfòmasyon ki itil pou mizanplas lagad, konfimasyon patènite, ak sipò timoun, ak pou kesyon adopsyon ak plasman nan fanmi dakèy.

**SÈVIS POU LOKALIZE PARAN:** Rezo enfòmasyon nan bazdone Eta a yo itilize pou jwenn defandè yo nan dosye sipò timoun.

**SÈVIS SIPÒ TRIBINAL FANMI (FAMILY COURT SUPPORT SERVICES, FCSS):** Divizyon nan OCSS ki okipe pran anchaj dosye lokal sipò timoun ki pa sipò finansye.

**SEZI:** Pwosedi legal ki pèmèt kenbe yon pati nan salè ak/oswa byen yon moun pou peye yon dèt tankou sipò timoun.

**SEZI:** Reklamasyon sou pwopriyete pou anpeche vann oswa transfere li jiskaske ou fin peye yon dèt.

**SIPÒ MEDIKAL:** Dispozisyon legal pou mete pwoteksyon medikal nan yon lòd sipò timoun.

**SIPÒ RETWO-AKTIF:** Sipò Timoun yo bay lòd pou peye ki gen yon dat ki pase, anjeneral se dat yo te depoze petisyon an. Sipò retwo-aktif kreye yon dèt imedyatman.

**SISPANSYON:**Odyans ki ranvwaye jouk pou yon dat presi pi devan.

**SOULAJMAN:** Solisyon legal.

**T**

**TÈS ADN:** Analiz faktè moun eritye nan men paran l pou detèmine si yon moun se paran timoun nan prezizeman; yo pran echantiyon ADN yo sou bò anndan bouch papa a, manman an ak timoun nan avèk yon aplikatè ki fèt pou sa espesyalman.

**TRANSFÈ DWA POU SIPÒ:** Moun k ap resevwa asistans finansye a dwe angaje l pou li remèt Eta a tout pèman sipò timoun yo resevwa an echanj pou asistans finansye ak lòt avantaj.

**Transfè Elektwonik Avantaj (Electronic Benefit Transfer, EBT):** Metòd Biwo Eta New York pou Èd Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) itilize pou bay benefisyè yo avantaj finansye ak SNAP (kupon pou manje). Ou ka jwenn aksè nan avantaj yo lè ou itilize yon kat Idantite epi yon PIN.







@NYCHRA



NYCHRA



NYCHRA

BK-4 (HC)  
Rev. 10/2024

© Copyright 2024. Vil new York, Administrasyon Resous Imèn/Depatman Sèvis Sosyal. Pou w jwenn otorizasyon pou repwoduï tout oswa yon pati nan dokiman sa a, kontakte Administrasyon Resous Imèn Vil New York la.